

## **Pati B**

### **Avi konsènan Mezi Pwoteksyon pou Paran ak Elèv Andikape yo**

Antan ke paran, ou gendwa resevwa enfòmasyon sou tout dwa w yo ki tonbe anba Lwa pou Endividi ak Andikap Eskolè (IDEA). Dwa sa yo oswa *mezi pwoteksyon sa yo*, la pou asire w jwenn opòtinite pou patisipe kom patnè nan desizyon edikasyonèl ki konsènnen pitit ou.

Avi sou mezi pwoteksyon sa yo ap disponib omwen yon fwa pa ane eskolè, eksepte ke yo fèt pou ba w yon kopi apati di :

- moman oryantasyon inisyal la oswa lè w mande yon evalyasyon.
- konfòm ak disiplin ki gouvènner pwosedi yo lè yon chanjman nan plasman fèt.
- osito yo resevwa premye plent Letà nan ane eskolè a.
- osito premye rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa dapre pwosedi etabli yo nan yon ane eskolè prezante
- osito w mande yon kopi

Ou kab chwazi pou resevwa yon kopi mezi pwoteksyon yo ansanm ak tout avi nesèsè yo pa e-mail si distri eskolè a ta gen mwayen sa a disponib. Nenpòt ki distri kab plase kopi avi aktyèl sou mezi pwoteksyon yo sou sit Web la.

Livrè a ede paran timoun nan Florid konprann tout dwa ki mache ansanm ak pwogram pou elèv andikape yo. Li gen ladann deskripsyon tout mezi pwoteksyon ki aplike ba elèv andikape yo ki enskri nan lekòl piblik yo ansanm ak deskripsyon ki aplike ba elèv andikape ke paran enskri nan lekòl prive byenfezans.

Tout paran ki ta gen kèk ti pwoblèm ak distri a konsènan edikasyon eksepsyonèl elèv yo kab rezoud tout ti pwoblèm sa yo san fòmalitye a nivo lokal. Mèzalò, solisyon administratif yo (abitaj, plent devan leta, ansanm ak rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa dapre pwosedi etabli yo) disponib tou.

#### **Tab de Matyè**

Enfòmasyon Jeneral.....	1
Revokasyon konsantman Paran.....	4
Konfidansyalite Enfòmasyon.....	5
Abitaj.....	7
Règleman pou Plent Leta.....	8
Règleman sou Odyans Aplikasyon Lalwa.....	9
Odyans sou Aplikasyon Lalwa .....	12
Apelasyon yo.....	13
Règleman pou Disipline Elèv Andikape yo.....	15
Egzijans pou Plasman Inilateral pa Paran Elèv ki nan Lekòl Prive Peye pa Leta .....	18
Egzijans pou Elèv Andikape yo Ki Enskri pa Paran yo nan Lekòl Prive yo.....	19

Selon IDEA, ou gen dwa swivan sa yo:

### **ENFÒMASYON JENERAL**

#### **PREYAVI A LEKRI**

#### **34 CFR §300.503**

##### **Avi**

Distri eskolè ou an fèt pou ba w avi a lekri depi:

1. Li pwopoze inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikasyonèl pitit ou, oswa dispozisyon edikasyon piblik gratis (FAPE) pou pitit ou; **oswa**
2. Refize inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyonèl pitit ou oubyen dispozisyon FAPE pitit ou.

##### **Kontni avi a**

Avi a lekri a fèt pou li:

1. Dekri aksyon distri eskolè a pwopoze oswa refize antreprann;
2. Eksplike poukisa distri eskolè a pwopoze oswa refize antreprann aksyon an.
3. Dekri chak pwosedi sou evalyasyon, evalyasyon, dokimantasyon, oswa rapò distri eskolè ou an te itilize pou li te deside swa pwopoze oubyen refize aksyon an;
4. Pou li enkli yon deklarasyon ki di ke w gen sèten pwoteksyon ki tonbe anba dispozisyon mezi pwoteksyon yo nan Pati B IDEA a;
5. Eksplike w kijan pou jwenn kopi deskripsyon mezi pwoteksyon yo si aksyon distri eskolè ou an antreprann ou swa pwopoze oubyen refize pa yon referans inisyal pou evalyasyon;
6. Pou enkli tout resous kontak yo ka va ede w konprann Pati B IDEA a;

7. Dekri nenpòt ki lòt chwa Gwoup plan edikasyonèl endividyèl (IEP) konsidere ak rezon pou ki yo pat aksepte chwa sa yo; **epi tou**
8. Ba w deskripsyon tout lòt rezon poukisa distri eskolè ou an pwopoze oswa refize aksyon an.

### Avi nan langaj klè

Avi a fèt pou:

1. Ekri nan lang moun an jeneral konprann ; **epi tou**
2. Pou yo ba w l nan lang natif natal ou oswa lòt metòd kominikasyon ou utilize, amwens ke li pa ta ditou posib.

Si lang natif natal ou oswa metòd kominikasyon ou a pa yon lang ekri, distri eskolè ou an fèt pou asirel dèske:

1. yo tradwi avi a a loral ba w oswa sèvi ak nenpòt ki lòt mwayen nan lang natif natal ou oubyen nenpòt ki lòt metòd kominikasyon;
2. Ke w konprann kontni avi a; **epi tou**
3. Gen prèv a lekri ke yo konfòme yo a 1 epi 2 .

### LANG NATIF NATAL

#### 34 CFR §300.29

*Lang Natif Natal*, lè yap kominike ak yon endividi ki gen konesans limite nan anglè a, vle di sa ki swiv anba a:

1. Lang moun la pale nòmalmman, oubyen, nan ka yon elèv, lang paran elèv la pale nòmalmman;
2. Nan tout kontak dirèk ak elèv la (enkli evalyasyon elèv la), lang elèv la pale nòmalmman lakay li oswa nan anviwònman kote lap aprann la.

Pou moun ki soud oubyen avèg, pou moun ki pa gen lang ekri, metòd kominikasyon se sa moun la utilize nòmalmman (kankou siy, Bray, oswa kominikasyon oral).

### KOURYE ELEKTWONIK

#### 34 CFR §300.505

Si distri eskolè ou an ofri paran yo chwa pou yo resevwa dokiman pa e-mail, ou kab chwazi resevwa dokiman sa yo pa e-mail:

1. Preyavi a lekri;
2. Avi sou Mezi pwoteksyon yo; **ak/oswa**
3. Avi ki gen rapò ak rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa.

### KONSANTMAN PARAN - DEFINISYON

#### 34 CFR §300.9

##### Konsantman

*Konsantman* vle di:

1. Yo enfòme w korèkteman nan lang natif natal ou oswa nan lòt metòd kominikasyon (kankou siy, Bray, oswa kominikasyon oral) de tout enfòmasyon konsènan aksyon pouki ou te bay konsantman an.
2. Ou konprann e ou bay konsantman ou a lekri pou aksyon sa a, epi konsantman ki dekri aksyon sa a

epi li enimerere dokimantasyon yo (si ta genyen) ke ya va devwale ak ba kimoun; **epi**

3. Ou byen konprann ke konsantman sa a volontè e w kab anilel nenpòt ki lè.

Le fèt ke w anile konsantman ou pap anpeche (defèt) yon aksyon ki te fèt aprè w te finn bay konsantman ou anvan ou anilel.

### KONSANTMAN PARAN

#### 34 CFR §300.300

##### Konsantman pou evalyasyon inisyal

Distri eskolè ou pa kab fè yon evalyasyon inisyal pitit ou pou detèmine si pitit ou kalifye ou pa nan Pati B IDEA a pou resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki ta gen rapò ak pwogram sa a san yo pa voye avi a lekri dabò de aksyon yo pwopoze an e san yo pa jwenn konsantman ou jan li dekri anba tit **Konsantman Paran..**

Distri eskolè ou an fèt pou fè efò rezonab pou jwenn konsantman ak tout konesans de kòz nan men ou pou fè yon evalyasyon inisyal ka va detèmine si pitit ou an se yon timoun andikape. Konsantman ou pou evalyasyon inisyal la pa vle di ke w bije bay distri eskolè a konsantman pou komanse bay pitit ou edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki gen rapò ak pwogram la.

Si pitit ou enskri nan lekòl piblik oubyen si wap chache enskri pitit ou nan lekòl piblik e w refize bay konsantman ou oswa ou pat reponn rekèt pou bay konsantman ou pou evalyasyon inisyal la, distri eskolè ou an ta kab, men li pa oblije, mande fè yon evalyasyon inisyal pitit ou atravè medyasyon oswa aplikasyon lalwa dapre pwosedi etabli yo. Distri eskolè ou an pap an kontravansyon ak obligasyon li pou lokalize, idantifye, ak evalye pitit ou si li pa ta pouswiv yon evalyasyon pitit ou nan sikonstans sa yo.

##### Règleman Espesyal pou evalyasyon inisyal titèl Leta

Si timoun la sou titèl Leta e li pa abite ak paran li/li yo —

Distri eskolè a pa bezwen konsantman nan men paran a pou yo fè yon evalyasyon inisyal pou detèmine si elèv la se yon elèv andikape si:

1. Malgre tout efò rezonab, distri eskolè a pakab lokalize paran elèv la;
2. Yo tèmine dwa paran yo konfòm ak lwa Leta a; **oswa**
3. Yon jij deziye yon endividi ki pa paran yo pou li pran tout desizyon ki gen rapò ak edikasyon ak konsanti pou yo fè evalyasyon inisyal.

*Sou Titèl Leta*, jan li parèt nan IDEA a, vle di yon elèv ki, dapre jan Leta detèminel kote elèv la abite se:

1. Yon timoun ke yo plase;
2. Konsidere sou titèl Leta dapre Lwa Leta; **oswa**
3. Nan men yon ajans byenèt piblik pou timoun.

*Sou Titèl Leta* pa enkli timoun ki plase, ki gen yon paran adoptif ki konfòmèl ak definisyon Leta de yon paran.

### **Konsantman Paran pou sèvis**

Distri eskolè ou an fèt pou jwenn konsantman konsyansye nan men ou anvan pitit ou jwenn edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo premye fwa a.

Si w pa reponn ba rekèt pou bay konsantman ou pou pitit ou resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo premye fwa a, oubyen si w refize bay konsantman ou, distri lekòl ou an kab bay edikasyon espesyal ba pitit ou san konsantman ou e san pase pa abitaj oswa odyans sou aplikasyon lalwa dapre pwosedi etabli yo pou kab jwenn yon konsantman oswa yon desizyon sou edikasyon espesyal ak tout sèvis liyo (ke Gwoup IEP pitit ou an te rekomande).

Si w refize bay konsantman ou pou pitit ou resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo pou premye fwa, oswa si w pa reponn ba rekèt kote yo mande pou bay konsantman ou epi distri lekòl la pa bay pitit ou edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo distri lekòl la:

1. Pap an kontravansyon ak egzijans pou founi edikasyon piblik (FAPE) apwopriye a disponiblite pitit ou poutèt li pat bay sèvis yo ba pitit ou; **epi**
2. Pap oblije fè reyinyon ak Gwoup pou plan edikasyon endividyèl (IEP) oswa devlope yon IEP pou pitit ou pou edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo kote yo te mande konsantman ou.

### **Re-evalyasyon konsantman Paran yo**

Distri eskolè ou an fèt pou li jwenn konsantman konsyansye nan men ou anvan li re-evalye pitit ou, amwens ke distri lekòl ta kab pwouve ke:

1. li te pran mezi rezonab pou li jwenn konsantman ou pou fè re-evalyasyon timoun la ; **epi**
2. Ou pat reponn.

Si w refize pou yo fè re-evalyasyon pitit ou, distri eskolè ou an kab, men li pa oblije, pouswiv re-evalyasyon pitit ou atravè dispozisyon ki pase sou konsantman ou epi mande pou al nan abitaj oswa aplike lalwa jan li etabli nan pwosedi yo. Kankou nan nenpòt ki evalyasyon inisyal, distri eskolè ou an pa an kontravansyon anvè obligasyon li yo nan Pati B IDEA a si li ta refize pouswiv re-evalyasyon an nan fason sa a.

### **Dokimantasyon efò rezonab pou jwenn konsantman nan men paran**

Lekòl ou an fèt pou li kenbe dokimantasyon tout efò rezonab pou jwenn konsantman nan men paran pou fè evalyasyon inisyal yo, pou bay edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo pou premye

fwa a, pou re-evalye epi lokalize paran titèl Leta yo pou evalyasyon inisyal yo. Dokimantasyon fèt pou li gen ladann dosye distri eskolè a ki demontre konbyen esè ki te fèt nan koze ki gen rapò ak:

1. Dosye detaye apèl telefonik ke yo fè oswa eseye fè ansanm ak rezilta apèl sila yo;
2. Kopi korespondans yo voye ba paran yo ansanm ak kelkeswa repons yo te resevwa a; **epi tou**
3. Dosye detaye de tout vizit ki te fèt kay paran yo oswa kote yo travay la ansanm ak tout rezilta vizit sa yo.

### **Lòt egzijans pou konsantman**

Yo pa bezwen konsantman nan men ou anvan distri lekòl ou an:

1. Revize enfòmasyon ki deja la kap fè pati evalyasyon pitit ou oswa reevalyasyon li; **oswa**
2. Fè pitit ou pran yon tès oswa lòt evalyasyon ke yo fè tout lòt elèv pran amwens ke konsantman nan men tout paran elèv yo ta nesèse anvan tès la oubyen evalyasyon an. .

**NÒT: An Florid, yon paran fèt pou bay konsantman siyen pou yon elèv ka resevwa akomodasyon nan enstriksyon ki pa pèmèt nan evalyasyon leta a nèt al kole e fèt pou rekonnèt a lekri ke li konprann sa tout akomodasyon sa yo enplike. Distri eskolè ou an pa kab sèvi ak refi pou konsanti a yon sèvis oswa aktivite pou derefize w oswa pitit ou nenpòt ki lòt sèvis, benefis, oswa aktivite.**

Si w enskri pitit ou nan yon lekòl prive e se w kab fè fre yo oubyen si wap edike pitit ou lakay e w pa ta bay konsantman ou pou pitit la fè evalyasyon inisyal oswa reevalyasyon li, oubyen ou pa ta reponn a deman pou bay konsantman ou, distri lekòl la kab byen pa sèvi ak pwosedi pou egzèse otoritel pou pase sou pwosesis medyasyon ak aplikasyon lalwa jan li etabli yo, ni li pa oblije konsidere pitit ou kalifye pou resevwa sèvis ekitab yo (sèvis ki disponib pou elèv andikape yo ki plase nan lekòl prive pa paran yo).

### **EVALYASYON EDIKASYONÈLENDEPANDAN YO 34 CFR §300.502**

#### **Jeneral**

Jan li dekri anba la a, ou gendwa cheche fè yon evalyasyon edikasyonèl endepandan (IEE) pitit ou si w pa ta dakò ak evalyasyon distri lekòl la te fè a. Si w ta mande yon IEE, distri lekòl la fèt pou ba w enfòmasyon sou ki kote w ta ka jwenn yon IEE ak ki kritè distri eskolè a aplike pou IEE yo.

#### **Definisyon yo**

*Evalyasyon edikasyonèl Endepandan (IEE)* vle di yon evalyasyon ki fèt pa yon moun kalifye ki pap travay pou distri lekòl ki responsab edikasyon pitit ou.

*Frè sou kont Leta* vle di ke swa distri lekòl la fè tout frè evalyasyon an nèt al kole oswa li asirel ke w jwenn evalyasyon an gratis.

### **Dwa Paran pou jwenn evalyasyon gratis nan men leta**

Ou gendwa fè yo fè yon (evalyasyon endikasyonèl endepandan) IEE pitit ou gratis si w pa dakò ak evalyasyon pitit ou te jwenn nan men distri lekòl la, pouvi kondisyon sa yo satisfèt:

1. Si w ta mande leta peye pou yo fè yon IEE pou pitit ou, distri lekòl ou an fèt pou, san delè inital, swa: (a) Fè w jwenn yon IEE peye pa leta, oubyen (b) Prezante yon demann pou yon odyans sou aplikasyon lalwa pou demontre ke evalyasyon lap fè sou pitit ou an apwopriye; amwens ke distri lekòl la ta demontre nan yon odyans ke evalyasyon pitit ou an pat satisfè kritè distri eskolè a.
2. Si distri eskolè ou an ta mande yon odyans epi desizyon final la di ke evalyasyon distri eskolè a te fè sou pitit ou an apwopriye, w toujou gendwa mande yon IEE, mèzalò leta pap fè frè yo.
3. Si w mande yo fè yon IEE pou pitit ou, distri eskolè a kab mande poukisa w pa dakò ak evalyasyon distri eskolè a te fè. Mèzalò, distri eskolè ou an kab byen pa mande eksplikasyon ni li pap anpeche ou jwenn yon IEE san delè rezonab tou frè peye pa leta oubyen prezante yon rekèt pou odyans pou aplikasyon lalwa jan li etabli pou defann evalyasyon distri eskolè te fè sou pitit ou.

Ou gendwa a yon sèl IEE peye pa leta pou pitit ou chak fwa distri eskolè a fè yon evalyasyon sou pitit ou ke w pata dakò avek.

### **Evalyasyon inisye pa Paran yo**

Si w ta resevwa yon IEE pou pitit ou peye pa leta oubyen si w ta pataje evalyasyon ou te peye pou pitit ou ak distri eskolè a:

1. distri eskolè a fèt pou pran an konsiderasyon rezilta evalyasyon pitit ou an, pouvi li satisfè kritè IEE lekòl distri yo, nan kelkeswa desizyon ke yo ta pran konsènan dispozisyon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (FAPE) pou pitit ou; epi tou
2. Swa ou oubyen distri eskolè a gendwa prezante evalyasyon kòm prèv nan odyans aplikasyon lalwa jan li etabli a konsènan pitit ou.

### **Demann pou evalyasyon pa yon medyatè endepandan**

Si yon medyatè endepandan ta mande yo fè yon IEE pitit ou ki ta fè pati odyans sou aplikasyon lalwa, frè evalyasyon an ap tonbe sou do leta..

### **Kritè Distri Skolè yo**

Si leta ap peye pou yo fè yon IEE, kritè evalyasyon an enkli evalyasyon lokal ansanm ak kalifikasyon moun kap fè evalyasyon an, fèt pou menm ak kritè distri

eskolè a itilize lè lap inisye yon evalyasyon (pouvi ke kritè sa yo konfòme yo ak dwa w pou jwenn yon evalyasyon edikasyonèl endepandan). Eksepte pou kritè ki dekri anlè a, yon distri eskolè pa kab enpoze kondisyon ni delè konsènan yon IEE ke leta ap peye.

## **REVOKASYON KONSANTMAN PARAN**

### **ENFÒMASYON JENERAL**

#### **34 CFR §300.300(b)(4)**

Nenpòt ki lè aprè dispozisyon inisyal edikasyon espesyal ak sèvis liyo, paran yon elèv ta revoke konsantman li a lekri pou kontinye ak dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis liyo, distri eskolè kab byen pa kontinye bay edikasyon espesyal ak sèvis ki akonpaye liyo bay elèv la, men li fèt pou bay preyavi a lekri anvan li sispann dispozisyon edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis yo. Distri Eskolè a pap gendwa itilize medyasyon oswa odyans sou aplikasyon lalwa pou jwenn yon akò oswa desizyon ki ta di ke yo ta mèt mete sèvis la a disponiblite elèv la.

Si w revoke konsantman ou pou dispozisyon ki di ke yo kab kontinye bay pitit ou edikasyon espesyal la ansanm ak tout sèvis yo, distri eskolè a:

1. Pap an kontravansyon ak egzijans pou bay yon edikasyon piblik adekwa (FAPE) ki disponib pou pitit ou poutèt li pat bay elèv la edikasyon espesyal ak sèvis adisyonèl ; epi tou
2. Li pap bije mande pou Gwoup plan edikasyonèl endividyèl la (IEP) reyini oswa devlope yon IEP pou elèv la pou dispozisyon adisyonèl sou edikasyon espesyal ak sèvis liyo.

Si w revoke konsantman ou a lekri pou pitit ou resevwa sèvis edikasyon espesyal aprè timoun la finn resevwa edikasyon espesyal ansanm ak sèvis yo, distri eskolè a pap bije koreje dosye edikasyon timoun la pou retire kote li mansyone ke timoun la te resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akopaye liyo poutèt ou te revoke konsantman ou an.

### **ENFÒMASYON SOU KONFIDANSYALITE**

#### **DEFINISYON YO**

#### **34 CFR §300.611**

Jan li parèt anba tit **Enfòmasyon sou Konfidansyalite a**:

*Destriksyon* vle di destriksyon fizik oswa siprime tout enfòmasyon pèsònèl ki ta ka idantifye moun la de fason aske enfòmasyon pap kab idantifye moun la pèsònèlman.

*Dosye Eskolè* vle di tip dosye ki tonbe anba deskripsyon “dosye eskolè yo” nan 34 CFR Part 99, règleman ki enpleman Dwa sou Entimite Edikasyon Familyal ane 1974, 20 U.S.C. 1232g (FERPA).

Ajans kap Patisipe a vle di nenpòt ki distri eskolè, ajans oswa etablisman ki kolekte, kenbe, oubyen itilize enfòmasyon pèsònèl idantifyab, oubyen ke yo itilize pou jwenn enfòmasyon anba Pati B he IDEA a.

### **PÈSONÈLMAN IDANTIFYAB**

#### **34 CFR §300.32**

Ki pèsònèlman idantifyab vle di enfòmasyon ki gen ladann:

- (a) Non pitit ou, non ou kòm paran, oubyen non lòt manm nan fanmi a;
- (b) Adrès pitit ou;
- (c) Idantifikasyon pèsònèl, kankou nimewo sosyal pitit ou oswa nimewo eskolè li; **oubyen**
- (d) Yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki ta kab fasilite idantifikasyon pitit ou ak sètitud rezonab.

### **AVIA PARAN YO**

#### **34 CFR §300.612**

Depatman Edikasyon Nasyonal la fèt pou bay paran yo avi adekwa pou enfòmasyon yo konplètman sou tout enfòmasyon pèsònèl idantifyab konfidansyèl, enkli:

1. Yon deskripsyon pouvi avi a lekri nan lang natif natal reprezante diferan gwoup popilasyon Eta a;
2. Yon deskripsyon elèv ki gen enfòmasyon pèsònèl idantifikasyon yo konsève, tip enfòmasyon yap chache yo, metòd leta gen lentansyon itilize pou li kolekte enfòmasyon an (enkli sous kote yo pran enfòmasyon yo kolekte a), ak kisa yo gen lentansyon fè ak enfòmasyon an;
3. Yon rezime règleman ak pwosedi yo ke ajans kap patisipe yo fèt pou swiv konsènan divilge kote yo konsève yo, divilge ba tyès pati yo, kote yo mentni yo, ak destriksyon enfòmasyon pèsònèl idantifyab yo; **ak**
4. Yon deskripsyon tout dwa paran yo ak timoun yo konsènan enfòmasyon sa a, enkli dwa ki tonbe anba Lwa Dwa Entimite Edikasyonèl Lafanmi (FERPA) ansanm ak tout règleman liyo ki enpleman nan 34 CFR Part 99.

Anvan nenpòt ki kokenn chenn aktivite sou idantifikasyon, lokalizasyon, oswa aktivite evalyasyon fèt (ke yo rele “child find”), avi a fèt pou swa pibliye oubyen parèt sou jounal oswa lòt mwayen laprès, oubyen tou lè de, e pou li sikile sifizamman pou avize paran yo yon fason adekwa atravè tout Eta a de aktivite pou lokalize, idantifye ak evalye timoun ki bezwen edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki gen rapò ak pwogram sa a.

### **DWA AKSÈ YO**

#### **34 CFR §300.613**

##### **Seksyon 1002.22(3)(a)4 Lwa Florid yo**

Ajans kap patisipe a fèt pou li pèmèt ou fè enspeksyon ak revize nenpòt ki dosye eskolè konsènan pitit ou ke distri eskolè ou an a te kolekte,

konsève, daprè Pati B IDEA a. Ajans kap patisipe a fèt pou konfòmel a rekèt ou pou enspekte ak revize nenpòt ki dosye eskolè pitit ou san delè initil e anvan kelkeswa reyinyon konsènan yon plan edikasyonèl endividyèl (IEP), oswa nenpòt ki odyans sou aplikasyon lalwa san patipri (enkli reyinyon sou rezolisyon oswa odyans konsènan disiplinn), e pou li pa depase 30 jou aprè ou finn plase rekèt la.

Dwa w pou fè enspeksyon ak revize dosye eskolè yo enkli:

1. Dwa pou resevwa repons a rekèt rezonab ou te fè an konsènan eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo nan men ajans kap patisipe a;
2. Dwa pou mande ajans kap patisipe a pou ba w tout kopi dosye yo si w pa kab fè enspeksyon ak revizyon dosye yo ak efikasite, amwens ke w ta resevwa kopi sa yo; **ak**
3. Dwa pou reprezantan ou fè enspeksyon ak revizyon dosye sa yo.

Ajans kap patisipe a sipoze ke w gen otorite pou fè enspeksyon ak revize dosye konsènan pitit ou amwens ke yo notifiye w ke w pa gen otorite sa a daprè lwa Leta etabli ki gouvèn nan koze kankou titèl, oswa separasyon ak divòs.

### **DOKIMANTASYON AKSÈ**

#### **34 CFR §300.614**

Chak ajans kap patisipe fèt pou kenbe dokimantasyon sou moun ki jwenn aksè a dosye eskolè ke yo kolekte yo, konsève, oswa itilize daprè Pati B IDEA a (eksepte aksè pa paran yo ak anlwaye otorize ki travay pou ajans kap patisipe a), enkli non moun la, dat yo te bal aksè ak rezon pou lakèl moun la jwenn otorizasyon pou sèvi ak dosye yo.

### **DOSYE SOU PLIS DE YON TIMOUN**

#### **34 CFR §300.615**

Si yon dosye eskolè gen ladann enfòmasyon sou plis de yon elèv, paran elèv sa yo gendwa fè enspeksyon ak revize enfòmasyon konsènan pitit yo a oswa resevwa enfòmasyon byen espesifik.

### **LIS AK TIP ANSANM AK LOKAL ENFÒMASYON AN**

#### **34 CFR §300.616**

Di moman ou mande, chak ajans kap patisipe fèt pou ba w yon lis tip ak lokal kote yo kolekte, konsève oubyen kajans la itilize.

### **FRÈ YO**

#### **34 CFR §300.617**

Chak ajans kap patisipe kab enpoze frè pou kopi dosye yo ke yo fè pou w e selon Pati B IDEA a, pouvi ke frè yo pa anpeche w egzèse dwa w pou fè enspeksyon ak revize dosye sa yo yon fason efikas. Daprè Pati B IDEA a ajans kap patisipe a gendwa poul pa enpoze frè pou fè rechèch ak tire enfòmasyon.

## **REKÈT PARAN POU KORIJÈ DOSYE YO**

### **34 CFR §300.618**

Si w kwè kenfòmasyon yo kolekte, konsève, oswa itilize dapre Pati B IDEA a nan dosye eskolè pitit ou pa korèk, li gen erè ladann, oswa pa an règ ak entimite oswa lòt dwa pitit ou, ou kab mande ajans kap patisipe a ki responsab konsève enfòmasyon sa a pou chanje enfòmasyon an. Ajans kap patisipe a fèt pou deside si ou pa lap chanje enfòmasyon dapre rekèt la nan yon peryòd de tan rezonab apati di moman li resevwa rekèt ou an. Si ajans la refize rekèt ou an, li fèt poul notifie w de refi a epi poul avize w de dwa w genyen a yon odyans pou rezon sa a menm ki dekri anba tit *Opòtinite pou yon Odyans..*

## **OPÒTINITE POU YON ODYANS**

### **34 CFR §300.619**

Osito li resevwa yon rekèt, ajans kap patisipe a, fèt pou ba w opòtinite pou yon odyans pou konteste enfòmasyon ki chita sou dosye eskolè pitit ou e asire w ke li pa gen erè, foste, oubyen ke li pa an kontravansyon ak entimite ou lòt dwa pitit ou.

## **PWOSEDI POU ODYANS**

### **34 CFR §300.621**

Odyans pou konteste enfòmasyon ki chita nan dosye eskolè fèt pou fèt dapre pwosedi odyans sa yo konfòm ak Lwa Entimite ak Dwa Edikasyonèl Lafanmi (FERPA).

## **REZILTA ODYANS LA**

### **34 CFR §300.620**

Si apre odyans la, ajans la deside ke enfòmasyon an pa korèk, gen erè ladann oubyen li an kontravansyon ak entimite oswa lòt dwa elèv la, pa konsekan li fèt pou chanje enfòmasyon an epi notifie w a lekri. Si apre odyans la, ajans la deside ke enfòmasyon an pa gen koreksyon pou fè, pa gen erè oubyen pa an kontravansyon ak entimite oswa dwa pitit ou, li fèt pou enfòmasyon w de dwa w pou plase nan dosye li konsève sou pitit ou komantè pa w konsènan enfòmasyon an oubyen bay tout rezon poukisa ou pa dakò ak desizyon ajans kap patisipe a.

Eksplikasyon ou bay la fèt poul plase nan dosye pitit ou e poui :

1. Ajans patisipan an fèt pou li konsèvel nan dosye pitit ou pouvi ke dosye a oswa pòsyon ki konteste a konsève pa ajans patisipan an; **epi tou**
2. Si ajans patisipan an ta divilge dosye pitit ou oswa pòsyon ki konteste a ba nenpòt ki moun, li oblije divilge eksplikasyon an ba moun sa a tou.

## **KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON PÈSONÈL IDANTIFYAB**

### **34 CFR §300.622**

Amwens ke enfòmasyon a deja chita nan dosye eskolè yo, e gen otorizasyon pou divilge enfòmasyon sa a san konsantman paran selon FERPA a, yo fèt pou jwennkonsantman nan men ou anvan yo divilge enfòmasyon pèsonèl idantifyab la ba lòt pati ki pa fè

pati ofisyèl ajans patisipan yo. Eksepte pou sèten sikonstans byen espesifye anba la, yo pa oblije jwenn konsantman ou anvan yo remèt enfòmasyon pèsonèl idantifyab ba ofisyèl ajans patisipan yo pou satisfè egzijans Pati B IDEA a.

Dapre Lwa Leta a yo fèt pou jwenn konsantman ou oswa konsantman yon elèv ki atenn laj majorite anvan yo remèt enfòmasyon idantifyab ba ofisyèl ajans patisipan yo oubyen sèvis kap fè frè tranzisyon yo.

Si pitit ou nan oswa pral nan yon lekòl prive ki pa nan menm distri eskolè kote w abite a, yo fèt pou jwenn konsantman ou anvan yo pase kelkeswa enfòmasyon pèsonèl idantifyab sou pitit ou ba ofisyèl nan distri eskolè kote lekòl prive a sitiye ak ba ofisyèl nan distri eskolè kote w abite a.

## **PWOTEKSYON YO**

### **34 CFR §300.623**

Chak ajans patisipan fèt pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl idantifyab lè yap kolektel, konsèvel, divilge oswa nan faz destriksyon yo. Yon ofisyè nan chak ajans patisipan fèt pou asime responsabilite pou asire konfidansyalite kelkeswa enfòmasyon pèsonèl idantifyab. Tout moun kap kolekte oswa itilize enfòmasyon pèsonèl idantifyab fèt pou resevwa fòmasyon oswa konsiy osijè de règleman ak pwosedi Leta ou an konsènan konfidansyalite dapre Pati B IDEA a ansanm ak Lwa Entimite ak Dwa Edikasyonèl Lafanmi the Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA). Chak ajans patisipan fèt pou konsève, pou enspeksyon piblik, yon lis a jou tout non ak pozisyon anplwaye anedan ajans la ki ta ka gen aksè enfòmasyon pèsonèl idantifyab..

## **DESTRIKSYON ENFÒMASYON AN**

### **34 CFR §300.624**

Distri eskolè w an fèt pou enfòmasyon w lè enfòmasyon pèsonèl idantifyab ke yo finn kolekte, konsève oswa itilize pa nesèsè ankò pou founi pitit ou ak sèvis edikasyonèl

Depi w mande yo fèt pou detwi enfòmasyon sa a. Mèzalò, dosye an pèmanans sou non, adrès, nimewo telefòn, nòt li yo, dosye prezans li, klas li asiste, klas li konplete, ak ane eskolè li konplete yo ap konsève a tou janmè.

## **DWA TIMOUN YO**

### **34 CFR §300.625**

Dapre règleman FERPA nan 34 CFR 99.5(a), yap transfere dosye eskolè ba pitit ou lèl gen dizwit an.

Si dwa yo te akòde w dapre IDEA transfere ba pitit ou lè li rive gen laj majorite, konfòm ak 34 CFR 300.520, yap tou transfere tout dwa konsènan dosye

eskolè ba pitit ou . Mèzalò, distri eskolè a fèt pou bay avi seksyon 615 Lalwa egzije ba w ak elèv la.

## ABITAJ

### ENFÒMASYON JENERAL

#### 34 CFR §300.506

Distri eskolè a fèt poul mete abitaj a disponiblite w ansanm ak disponiblite distri eskolè a pou rezoud tout konfli ki gen rapò ak koze konsènan Pati B IDEA a, enkli sijè ki te souleve byen anvan yo te prezante yon plent pou tretman ekkitab. Ki vle di, abitaj disponib pou rezoud konfli daprè Pati B IDEA a, ke w prezante ou pa yon plent pou mande yon odyans sou aplikasyon lalwa jan li dekri anba tit *Prezante yon Rekèt pou Odyans sou Aplikasyon Lalwa*.

#### Egzijans yo

Pwosedi yo fèt pou asire ke pwosesis abitaj la :

1. Ni w ni distri eskolè a fèl a volonte;
2. Pa sèvi pou derefize oswa koze delè nan egzèsè dwa w pou yon odyans sou aplikasyon lalwa, oubyen pou refize w nenpòt ki lòt dwa w genyen daprè Pati B IDEA a; **epi tou**
3. ke li fèt pa yon medyatè kalifye ki pa nan patipri ki resevwa fòmasyon nan teknik efikas medyasyon.

Distri eskolè a kab devlope pwosedi ki ofri paran yo ak lekòl ki chwazi pa sèvi ak pwosesis abitaj la, yon opòtinite pou reyini, nan yon lè ak lokal ki ta konvni w ak yon tyès pati ki pa gen okenn enterè pèsonèl nan koze a:

1. Kap travay sou kontra ak yon antite adekwa altènatif pou rezoud konfli, oswa yon sant fòmasyon ak enfòmasyon pou paran oubyen yon sant resous kominotè pou paran nan Leta a; **epi tou**
2. Ka eksplike benefis yo ak ankouraje w itilize pwosesis abitaj la.

Leta fèt pou gen yon lis medyatè kalifye ki konnen lwa ak règleman konsènan dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis ki akonpaye liyo. Depatman Edikasyon Nasyonal fèt poul chwazi medyatè oaza, swa ki sou lis wotasyon oubyen sou baz ke yo pa nan patipri.

Leta responsab frè pwosesis abitaj la enkli frè reyinyon yo. Chak reyinyon nan pwosesis abitaj la fèt pou pwograme a lè epi poul fèt nan yon lokal ki konvni ni w ni distri eskolè a. Yo kab mande ni paran yo ni distri eskolè siyen yon gaj konfidansyalite anvan menm ke pwosesis abitaj la komanse.

Si w ak distri eskolè a rezoud yon konfli atravè pwosesis abitaj la, tou lè de pati fèt pou respekte antant legal ki etabli rezolisyon an e ki:

1. Di konsa ke tout diskizyon ki te fèt pandan pwosesis abitaj la konfidansyèl e yo pap kab sèvi avek yo kòm prèv nan okenn odyans sou aplikasyon lalwa ki ta fèt nan lavni oswa pwosè sivil; **epi tou**
2. Lap siyen pa w ansanm ak reprezantan distri eskolè a ki gen otorite pou fè distri eskolè a respektel.

Yon antant abitaj ki fèt a lekri e ki siyen anfosab nan nenpòt ki tribinal Leta ki jwi de jiridiksyon konpetan (tribinal ki gen otorite daprè lwa Eta pou li tande tip ka sa yo)oswa nan nenpòt ki tribinal Federal Lèzetazini.

Tout diskizyon ki fèt pandan pwosesis abitaj la fèt pou konfidansyèl. Yo pakab sèvi kòm prèv nan okenn odyans ki ta fèt a lavni sou aplikasyon lalwa oswa pwosè sivil nenpòt tribinal Federal oswa tribinal Leta ki resevwa èd daprè Pati B IDEA a.

#### Medyatè san Patipri

Medyatè a:

1. Pa kab ap travay pou Depatman Edikasyon Nasyonal oswa nenpòt ki distri eskolè oubyen nenpòt ki ajans leta ki resevwa fon nan men IDEA atravè Depatman Edikasyon; **epi tou**
2. Pa fèt pou genyen enterè pwofesyonèl ki an konfli ak objektivite medyatè a.

Ki vle di, yon moun ki kalifye kòm medyatè pa anplwaye ni distri eskolè ni ajans Leta jis paske swa ajans la oubyen distri eskolè a peyel poul sèvi kòm medyatè.

## PWOSESIS PLENT LETA

### DIFERANS ANT ODYANS SOU APLIKASYON LALWA AK PWOSESIS PLENT KONT LETA

Règleman Pati B IDEA a etabli pwosesis separe pou plent Leta ak plent pou odyans sou aplikasyon lalwa. Jan yo eksplikel anba la a, nenpòt endividi oswa òganizasyon gendwa prezante yon plent kont leta kote yo swadizan di ke distri eskolè, Depatman Edikasyon Nasyonal oswa nenpòt ki lòt ajans te an kontravansyon ak nenpòt ki egzijans nan Pati B a. Sèl ou oswa distri eskolè a gendwa prezante yon plent baze sou aplikasyon lalwa konsènan nenpòt ki koze ki gen rapò ak yon òf oswa refi pou inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman eskolè yon elèv ki andikape, oubyen dispozisyon yon edikasyon piblik gratis adekwa (FAPE) ba elèv la. Byen ke anplwaye Depatman Edikasyon Nasyonal fèt pou rezoud yon plent ki prezante kont leta nan yon delè de 60 jou , amwens ke yo ta bay yon ekstansyon an bòn e di fòm, yon ofisyèl responsanb odyans aplikasyon lalwa ki pa nan patipri fèt pou li tande

plent la (si li pa rezoud atravè yon reyinyon rezolisyon oswa atravè abitaj) epi emèt yon desizyon nan 45 jou alafen peryòd rezolisyon an, jan li dekri nan dokiman sa sou tit Pwosesis Rezolisyon an, amwens ke ofisyèl la ta akòde yon ekstansyon byen espesifik de yon delè ke swa w oubyen distri eskolè a ta mande. Ni pwosesis plent kont Leta a, ni plent pou aplikasyon lalwa, rezolisyon ansanm ak pwosedi odyans yo dekri an detay pi ba a.

#### **ADOPSYON PWOSEDI PLENT KONT LETA 34 CFR §300.151**

##### **Jeneral**

Depatman Edikasyon Nasyonal fèt pou li gen pwosedi alekri pou:

1. Rezoud nenpòt ki plent, enkli plent ki prezante pa yon òganizasyon oswa yon endividi ki sòt nan yon lòt Eta;
2. Distribiye an Mas machaswiv pou prezante plent kont Leta ba tout paran yo ak lòt endividi ki ta enterese yo, enkli sant fòmasyon ak enfòmasyon paran yo, ajans pwoteksyon ak pledwari, sant lòjman endepandan yo, ak tout lòt antite apwopriye yo.

##### **REKOU POU LÈ YO REFIZE BAY SÈVIS ADEKWA**

Lè Leta a ap rezoud yon plent kote Depatman Edikasyon an detèmine ke yo pat bay sèvis adekwa yo, Depatman Edikasyon an fèt pou li adrese:

1. Fay ki koze ke yo pat bay sèvis adekwa yo, enkli aksyon korektif adekwa pou adrese bezwen elèv la; **ak**
2. Dispozisyon Adekwa a lavni pou tout timoun ki andikape.

##### **PWOSEDI POU PLENT MINIMÒM KONT LETA**

#### **34 CFR §300.152**

##### **Delè Tan ; pwosedi minimòm yo**

Depatman Edikasyon fèt pou li enkli nan pwosedi sou plent kont Leta yon delè de 60 jou aprè plent la finn prezante pou:

1. Egzekite yon investigasyon endepandan sou lye a, si Depatman Edikasyon an ta detèmine ke investigasyon an nesèsè;
2. Bay plenyè a opòtinite poul soumèt enfòmasyon adisyonèl, swa a lekri ou a loral, osijè de tout akizasyon ki nan plent la;
3. Bay distri eskolè a oswa ajans piblik la opòtinite pou li reponn plent la, enkli, o minimòm: (a) pou ajans la ta gen chwa fè yon òf pou rezoud plent la; **ak** (b) ak bay paran ki prezante plent la opòtinite pou, ansanm ak ajans la, yangaje yo volontèman al nan abitaj;
4. Revize tout enfòmasyon enpòtant epi fè yon detèminasyon endepandan pou wè si distri eskolè a oswa ajans piblik la an kontravansyon ak egzijans nan Pati B IDEA a; **epi**

5. Emèt yon desizyon a lekri ba plenyè a ki adrese chak akizasyon ki parèt nan plent la e ki gen ladann: (a) konstatayon ak konklizyon done yo; **ak** (b) tout rezon pou desizyon final Depatman Edikasyon an.

##### **Ekstansyon Tan; desizyon final; egzekisyon**

Pwosedi Depatman Edikasyon yo ki dekri anlè a fèt pou:

1. Pèmèt yon ekstansyon pou yon delè de 60 jou b sèl si: (a) sikonstans eksepsyonèl egziste konsènan yon plent patikilye kont Leta a; **oswa** (b) si paran ak distri eskolè oubyen lòt ajans piblik ta volontèman dakò pwolonje tan pou rezoud koze a atravè abitaj oswa lòt mwayen rezolisyon altènatif pou konfli pouvi yo ta disponib nan Leta a.
2. Enkli pwosedi pou egzekisyon efikas desizyon final Depatman Edikasyon an, si li ta nesèsè, enkli: (a) aktive asistans teknik yo; (b) negosyasyon yo; **ak** (c) aksyon korektif pou atenn konfòmite.

**NÒT: Tout plent limite a edikasyon pou timoun konfòm ak Règ ki gouvènenn Ansanble Edikasyon 6A-6.03313 Pwosedi sou Pwoteksyon pou Elèv Eksepsyonèl ki Dwe, epi yo gen 90 jou pou delè amwens ke ta gen yon pwolonjman apwouve pou sikonstans eksepsyonèl.**

##### **Tout plent ki prezante kont Leta ak odyans sou aplikasyon lalwa yo**

Si yo ta resevwa yon plent kont Leta a lekri ki ta sijè a yon odyans aplikasyon lalwa jan li dekri anba tit *Kijan pou Prezante yon Rekèt pou Odyans Aplikasyon Lalwa*, oubyen plent kont Leta a ta gen divè pwèn kote gen youn ou plis ki tonbe anba tip odyans sa a, Leta a fèt pou mete plent kont liya de kote oswa nenpòt ki pati plent kont Leta ke yadrese nan odyans aplikasyon lalwa a jiskaske odyans la fini. Nenpòt ki lòt pwèn nan plent kont Leta ki pa fè pati odyans aplikasyon lalwa a fèt pou rezoud nan delè tan a ansanm ak machaswiv ki dekri anlè a.

Si youn nan pwèn ki te sòlve nan plent kont Leta a te deja deside nan odyans aplikasyon lalwa ki gen rapò ak menm pati yo (ou menm ak distri eskolè a), lè sa a desizyon ki fèt nan odyans aplikasyon lalwa a fèt pou respekte epi Depatman Edikasyon fèt pou enfòmè plenyè a ke desizyon an se yon desizyon anfansab.

Depatman Edikasyon fèt pou rezoud nenpòt plent ki swadizan di ke distri eskolè a oswa lòt ajans piblik pat egzekite desizyon ki te fèt nan odyans aplikasyon lalwa a.

## **KIJAN POU PREZANTE YON PLENT KONT LETA**

### **34 CFR §300.153**

Swa yon òganizasyon oubyen yon endividi gendwa prezante yon plent alekri siyen kont Leta daprè machaswiv ki dekri anlà a.

Plent kont Leta fèt pou li enkli:

1. Yon deklarasyon ki di ke yon distri eskolè oswa lòt ajans piblik an kontravansyon ak egzijans Pati B IDEA a oswa règleman liyo, oswa egzijans leta yo;
2. Done ki sèvi de baz pou deklarasyon an;
3. Siyati ak enfòmasyon kontak plenye a; epi
4. Si swadizan enfraksyon a gen pou wè ak yon elèv byen espesifik:
  - (a) Non elèv la ak adrès kay elèv la;
  - (b) Non lekòl kote elèv la ale;
  - (c) Nan ka elèv ki pa gen kay oswa lajenès, enfòmasyon disponib ke yo ta genyen sou elèv la, ak non lekòl elèv la asiste;
  - (d) Deskripsyon pwoblèm elèv la, enkli tout done ki gen rapò ak pwoblèm la; **ak**
  - (e) Yon òf pou rezoud pwoblèm la nan mezi konesans pati ki prezante plent ak enfòmasyon ki te disponib bali omoman li prezante plent la.

Plent la fèt pou li di ki enfraksyon ki te komèt e ki pa depase **yon lane** anvan dat plent la resevwa.

Pati ki prezante plent kont Leta fèt pou voye kopi plent la ba distri eskolè a oswa ajans piblik kap bay sèvis ba elèv la omoman pati a prezante plent la devan Depatman Edikasyon.

## **PWOSEDI POU PREZANTE YON REKÈT POU ODYANS SOU APLIKASYON LALWA**

### **KIJAN POU PREZANTE YON REKÈT POU ODYANS SOU APLIKASYON LALWA**

#### **34 CFR §300.507**

##### **Jeneral**

Swa w oubyen distri eskolè a gendwa prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa konsènan nenpòt koze ki gen rapò ak yon òf oswa refi pou inisyè oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman eskolè pitit ou oubyen dispozisyon edikasyon piblik gratis (FAPE) pou pitit ou.

Rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa fèt pou li mansyone enfraksyon ki te fèt la pa pi ta ke dezan anvan swa w oubyen distri eskolè a te okouran oswa te fèt pou okouran de swadizan aksyon ki sèvi de baz pou prezante plent pou odyans sou aplikasyon lalwa a.

Peryòd tan ki make anlà a pa aplike si w pa prezante rekèt pou odyans aplikasyon lalwa a tan paske:

1. Distri eskolè a twonpe w espesifikman lè li fè w konprann ke li te rezoud tout koze ki te idantifye nan plent la; **oubyen**
2. Distri eskolè a kache enfòmasyon ba w ke li te oblije ba w daprè Pati B IDEA a.

##### **Sèvis Legal yo**

Distri eskolè a fèt pou li enfòme w de nenpòt ki sèvis legal gratis oswa bon mache disponib ak tout lòt sèvis disponib nan zòn la si w mande ranseyman, oubyen si swa w oubyen distri eskolè a prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa.

## **REKÈT POU ODYANS SOU APLIKASYON LALWA**

### **34 CFR §300.508**

##### **Jeneral**

Pou mande yon odyans swa w oubyen distri eskolè a (oswa avoka w oubyen avoka distri eskolè a) fèt pou soumèt yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa ba lòt pati a. Rekèt pou odyans aplikasyon lalwa a fèt pou li gen ladann tout sa ki make anba la e li fèt pou rete konfidansyèl.

Swa w oubyen distri eskolè a, kelkeswa moun ki te prezante rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, fèt pou bay Depatman Edikasyon an tou yon kopi rekèt pou odyans aplikasyon lalwa a.

##### **Men sa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa fèt pou gen ladann**

Rekèt pou odyans aplikasyon lalwa fèt pou gen ladann:

1. Non elèv la;
2. Adrès kay elèv la;
3. Non lekòl elèv la;
4. Si elèv la se yon timoun sanzabri oswa yon jenès, enfòmasyon kontak pou elèv la ak non lekòl elèv la;
5. deskripsyon pwoblèm la konsènan òf ki te fèt bay elèv oswa aksyon yo te refize antreprann la, enkli tout done ki gen rapò ak pwoblèm la; **epi tou**
6. Sa yo pwopoze pou rezoud pwoblèm la nan mezi enfòmasyon disponib ba w oswa distri eskolè a lè sa a.

##### **Avi nesèsè anvan yo prezante rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa.**

Ni w ni distri eskolè pap jwenn odyans sou aplikasyon lalwa toutotan swa w oubyen distri eskolè a (oubyen avoka w oswa avoka distri eskolè a) prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa ki gen ladann enfòmasyon ki parèt anlà a.

### **Egzijans pou yon rekèt sou odyans aplikasyon lalwa**

Pou yon rekèt sou odyans aplikasyon lalwa kab dewoule, li fèt pou konsidere adekwa. Ya va konsidere rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa kòm adekwa (ki vle di li satisfè tout egzijans anè yo) amwens ke pati ki resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a ( swa w oubyen distri eskolè a) notifiye ofisyè a anvan ak lòt pati a a lekri, nan 15 jou apati de dat yo resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, oswa ke moun ki resevwa rekèt pou odyans aplikasyon lalwa pa satisfè egzijans ki make anè yo.

Apati de senk jou aprè pati ki resevwa avi a ( swa w oubyen distri eskolè a) konsidere ke rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a pa adekwa, ofisyè medyatè a fèt pou deside si rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa satisfè tout egzijans ki make anè a, epi notifiye w ak distri eskolè a alekri touswit.

### **Amanman sou rekèt pou odyans aplikasyon lalwa.**

Swa w oubyen swa distri eskolè kab fè chanjman sou rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa sèl si:

1. Lòt pati dakò ak chanjman yo a lekri epi yo bal chans pou rezoud rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa atravè yon reyinyon pou chache jwenn rezolisyon, jan li dekri anba la a ; **oswa**
2. Pa pita ke senk jou anvan odyans sou aplikasyon lalwa a komanse, aprè ofisyèl responsab odyans la akòde pèmision pou fè chanjman yo.

Si pati plenyè a (ou oswa distri eskolè a) fè okenn chanjman sou rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, delè pou reyinyon pou chache jwenn rezolisyon yo ( apati de 15 jou aprè w finn resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a) anvan ak peryòd tan pou delè pou jwenn rezolisyon an (apati de 30 jou aprè ou finn resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa) rekomanse ankò nan dat rekèt pou odyans modifiye sou aplikasyon lalwa a prezante .

### **Repons Ajans Lokal Edikasyonèl (LEA) oswa distri eskolè a yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm.**

Si distri eskolè a pa deja voye yon avi alekri ba w, jan yo dekri anba tit *Preyavi a Lekri*, konsènan sijè ki parèt nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, distri eskolè a fèt pou nan 10 jou aprèl finn resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, voye yon repons ba w ki enkli:

1. Yon eksplikasyon ki di poukisa distri eskolè a swa pwopoze oubyen refize egzekite aksyon ki parèt nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm la;
2. Bay yon deskripsyon tout lòt opsyon Gwoup plan edikasyonèl endividyèl (IEP) elèv ou an te konsidere ak rezon poukisa yo te refize aksepte opsyon sa yo;

3. Deskripsyon chak pwosesis evalyasyon, estimasyon, dokimantasyon, oswa rapò distri eskolè a te itilize kòm baz pou swa pwopoze oubyen refize aksyon an; **ak**
4. Deskripsyon tout lòt faktè yo ki gen rapò ak refi oubyen òf distri eskolè a fè.

Le fèt ke w bay enfòmasyon nan atik de 1-4 ki make anè a pap anpeche distri eskolè a kenbe bon ke rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa w an pat adekwa.

### **Repons ajans edikasyonèl lokal (LEA) oswa distri eskolè a rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa**

Si distri eskolè a pa deja voye avi ba w a lekri, jan li dekri anba tit *Preyavi a Lekri*, konsènan sijè nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, distri eskolè a, fèt pou nan 10 jou aprè li finn resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa , voye yon repons ba w ki enkli:

1. Yon eksplikasyon sou poukisa distri eskolè Pwopoze oswa refize pran aksyon ki te souleve Nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a.
2. Deskripsyon tout lòt opsyon Gwoup plan Edikasyonèl endividyèl (IEP) elèv la te konsidere ak poukisa yo te rejte yo;
3. Deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, Estimasyon, dosye, rapò distri eskolè a te itilize kòm baz pou rejte òf la oswa aksyon an; **ak**
4. Deskripsyon tout lòt faktè ki gen rapò a òf oswa aksyon distri eskolè a rejte.

### **Repons lòt pati a, a rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm**

Eksepte pou jan li make anba sou-tit ki imedyatman anè a, repons swa *Ajans lokal eskolè (LEA) oswa distri eskolè a ba yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm*, pati ki resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a fèt pou reponn nan 10 jou apati de dat li resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, voye repons ba lòt pati a ki espesifikman adrese tout sijè ki parèt nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a.

## **EGZANP FÒMILÈ YO**

### **34 CFR §300.509**

Nan wòl li antan ke ajans eskolè (SEA), Depatman Edikasyon la Florid fèt pou devlope fòmilè pou ede w prezante rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa ak plent kont Leta. Mèzalò, ni SEA ni distri eskolè kab pa mande w sèvi ak fòmilè echantyon sa yo. Ofèt ou kab sèvi swa ak fòmilè sa a oswa ak nenpòt ki lòt fòmilè apwopriye, pouvi li gen landann enfòmasyon nesèsè pou prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm oubyen yon plent kont Leta.

## **PLASMAN ELEV PANDAN PWOSEDI SOU APLIKASYON LALWA**

### **34 CFR §300.518**

Eksepte jan li parèt anban tit *Chanjman Plasman pou Rezon Disiplinè*, osito yo voye yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm ba lòt pati a, pandan peryòd tan pwosesis rezolisyon an, ak pandan wap tann desizyon san patipri odyans aplikasyon lalwa andifòm oswa rezilta pwosedi nan tribinal e amwens ke w ak SEA oswa distri eskolè ta mete nou dakò, pitit ou fèt poul rete nan plasman eskolè aktyèl liya.

Si rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa andifòm gen rapò ak admisyon inisyal a yon lekòl piblik, pitit depi w bay konsantman ou fèt pou plase nan yon pwogram nòminal nan lekòl piblik la jiskaske pwosedi a konplete.

Si odyans sou aplikasyon lalwa andifòm la gen rapò ak aplikasyon pou sèvis inisyal dapre Pati B IDEA a pou yon timoun kab fè tranzisyon de sèvis dapre Pati C IDEA a, a Pati B IDEA a e ki pa kalifye pou resevwa sèvis dapre Pati C a paske timoun la finn gen twazan, distri eskolè a pa oblije kontinye bay timoun la sèvis li te kon ap resevwa dapre Pati C a. Si yo detèmine ke timoun la kalifye pou resevwa sèvis dapre Pati B IDEA a e w konsanti pou timoun la resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo pou premye fwa, annatandan rezilta pwosedi yo, distri eskolè a fèt pou founi tout sèvis ak edikasyon espesyal yo ki pa konteste (sèvis ou menm ak distri eskolè te konvni).

## **PWOSESI REZOLISYON YO**

### **34 CFR §300.510**

#### **Reyinyon pou chache jwenn Rezolisyon**

15 jou aprè w finn resevwa avi rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a, e anvan menm ke odyans sou aplikasyon lalwa a komanse, distri eskolè a fèt pou konvoke yon reyinyon avek ou ansanm ak manm nesèsè a oswa manm ki fè pati Gwoup plan edikasyon endividyèl la (IEP) ki gen konesans espesifik done ke yo idantifye nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a. Reyinyon an fèt pou:

1. enkli yon reprezantan distri eskolè a ki gen otorite pou pran desizyon pou distri eskolè a; **epi tou**
2. kab pa voye avoka pou distri eskolè a amwens ke w ta akonpaye de yon avoka.

Se w menm ak distri eskolè a ka va deside ki manm nesèsè nan Gwoup IEPki pou asiste reyinyon an. Bi reyinyon an se pou w diskite rekèt ou prezante pou odyans sou aplikasyon lalwa a ansanm ak tout done ki sèvi de baz pou rekèt la, de fason aske distri eskolè a jwenn opòtinite pou rezoud konfli a.

Reyinyon pou chache jwenn rezolisyon pap nesèsè si:

1. Ou mete w dakò ak distri eskolè a pou pase sou reyinyon an; **oswa**

2. Ou mete w dakò ak distri eskolè a pou itilize pwosesis abitaj jan li dekri anba tit *Abitaj la*.

#### **Peryòd Rezolisyon an**

Si distri eskolè a pa rezoud rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa nan gou w nan 30 jou apati de dat ou resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a (pandan peryòd tan pou pwosesis rezolisyon an fèt), odyans sou aplikasyon lalwa a kab fèt.

Peryòd 45 jou pou emèt yon desizyon final komanse konte apati de peryòd rezolisyon 30 jou yo perime, ak sèten ajisteman ki fèt nan peryòd 30 jou ouvrab yo jan yo dekril anba la a.

Eksepte kote w te mete w dakò ak distri eskolè a pou pase sou pwosesis rezolisyon an oubyen pou itilize abitaj. Si w rate opòtinite pou patisipe nan reyinyon pou rezolisyon sa ap koze delè nan peryòd de tan pou pwosesis rezolisyon an ansanm ak odyans sou aplikasyon lalwa toutotan w pa mete w dakò pou patisipe nan yon reyinyon.

Si aprè distri eskolè a fè bon jan efò e li dokimante efò sa yo, li pa rive jwenn patisipasyon ou nan reyinyon pou rezolisyon an, distri eskolè kab mande yon jij administratif (ALJ), poul anile rekèt w te prezante pou odyans sou aplikasyon lalwa alafen peryòd 30 jou pou jwenn rezolisyon. Dokimantasyon efò sa yo fèt poul enkli yon rapò sou konbyen fwa distri eskolè eseye metel dakò ak w konsènan lè ak lokal, kankou:

1. Dokimantasyon Detaye dapèl telefonik yo fè oswa eseye fè ak rezilta apèl sa yo;
2. Tout Kopi korespondans yo voye ba w e kelkeswa repons yo te resevwa a; ak
3. Rapò detaye de tout vizit yo fèt lakay w oubyen kote wap travay la ansank ak rezilta vizit sa yo.

Si distri eskolè a pa fè reyinyon pou chache jwenn rezolisyon nan 15 jou aprè li finn resevwa avi odyans sou aplikasyon lalwa **oubyen** si li pa ta patisipe nan reyinyon pou chache jwenn rezolisyon an, ou kab mande ALJ a (jij Administratif la) pou pase lòd pou komanse konte peryòd 45 jou .

#### **Ajisteman pou peryòd rezolisyon 30 jou**

Si w mete w dakò ak distri eskolè a lekri pou pase sou reyinyon pou rezolisyon, lè sa a peryòd 45 jou pou fè odyans sou aplikasyon lalwa ap komanse konte apati lelandemen.

Aprè abitaj la komanse oswa reyinyon pou rezolisyon e anvan lafen 30 jou peryòd rezolisyon an. Si w mete w dakò ak distri eskolè a ke pa gen antant posib e w prezantel a lekri, lè sa a peryòd 45 jou yo ap komanse konte apati lelandemen.

Si w mete w dakò ak distri eskolè a pou itilize pwosesis abitaj la, alafen peryòd rezolisyon 30 jou yo, tou lè de pati kab mete yo dakò a lekri pou kontinye ak abitaj la jiskaske yo rive a yon antant. Mèzalò, si w oswa distri eskolè rale ko nou de pwosesis abitaj la, lè sa a peryòd 45 jou la ap komanse konte apati lelandemen.

### **Antant Alekri**

Si nou rive a rezoud konfli a nan reyinyon pou rezolisyon an, ou menm ak distri eskolè a fèt pou fè yon angajman legal andifòm ki:

1. Siyen pa w ak reprezantan distri eskolè a ki gen otorite pou fè distri eskolè a respekte antant la; **epi tou**
2. Ke nenpòt ki tribinal Leta ak jiridiksyon kompetan kab egzekite (Tribinal leta ki gen otorite pou tandè tip ka sa yo) oswa nan yon tribinal federal Lèzetazini oswa ak Depatman Edikasyon.

### **Peryòd pou revize Antant la**

Si w ak distri eskolè a rive a yon antant aprè reyinyon pou rezolisyon an, nenpòt ki pati (swa w oubyen distri eskolè a) kab anile antant la nan 3 jou ouvrab apati de dat nou de, w menm ak distri eskolè a, te siyen antant la.

## **ODYANS SOU APLIKASYON LALWA**

### **ODYANS SOU APLIKASYON LALWA SAN PATIPRI**

#### **34 CFR §300.511**

##### **Jeneral**

Nenpòt kilè yo prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa, swa w oubyen distri eskolè a, kelkeswa moun ki gen konfli a fèt pou jwenn opòtinite pou resevwa tretman ekitab san patipri, jan li dekri nan seksyon *Rekèt pou Odyans sou Aplikasyon Lalwa* ak *Pwosis pou chache Jwenn Rezolisyon yo*.

**NÒT: Apa de mande abitaj ak prezante yon plent kont leta, paran yo ak distri eskolè a gendwa mande yon odyans sou aplikasyon lalwa ekitab. Rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa kab prezante konsènan nenpòt ki òf oswa refi distri eskolè a pou inisyè oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, plasman eskolè oswa dispozisyon FAPE pou pitit ou. Si li nesèsè pou gen yon odyans sou aplikasyon lalwa, odyans la ap fèt pa FDOE atravè yon ALJ san patipri nan Seksyon Odyans Administratif La Florid/ Florida's Division of Administrative Hearings (DOAH) in konfòm a lwa aplikab la Florid ak Règlemantasyon Asanble Edikasyon Leta a.**

La Florid gen yon sistèm tretman ekitab ki gen yon "sèl nivo" kote SEA oswa yon lòt Ajans a nivo Leta oubyen antite (apa de distri eskolè a) responsab konvoke odyans sou aplikasyon lalwa yo. Apelyasyon ki fèt sou odyans aplikasyon lalwa yo ateri dirèk devan distri federal oubyen tribinal awondisman leta.

### **Ofisyèl Responsab odyans sou Tretman Ekitab la (i.e., ALJ)**

Di mwen, ofisyèl responsab odyans la:

1. Pa fèt pou anplwaye pa SEA oubyen distri eskolè ki enplike nan edikasyon oswa swen elèv. Mèzalò, yo pa konsidere moun la yon aplwaye

ajans la jis paske ajans la peyel pou sèvi kòm ofisyèl responsab odyans la;

2. pa fèt pou genyen entere pwofesyonèl ou pèsònèl ki ta an kontravansyon ak objektivite ofisyèl responsab odyans la pandan odyans la;
3. Fèt pou gen konesans ak konprann tout dispozisyon IDEA yo, ansanm ak tout règlemantasyon Leta ak Federal ki gen rapò ak IDEA, ansanm ak tout entèpretasyon legal IDEA nan tribinal Federal ak Leta yo; **ak**
4. Fèt pou gen konesans ak kapasite pou jere odyans yo epi pou pran ak ekri desizyon yo ki adekwa e ki koresponn ak règ pratik legal yo.

Depatman Edikasyon la Florid gen yon lis tout moun sa yo ki abitye sèvi kòm ALJs, ansanm ak tout kalifikasyon yo.

### **Kontni odyans sou aplikasyon lalwa a**

Pati ki fè rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a (swa w oubyen distri eskolè a) pa gendwa soulve sijè ke yo pat adrese nan rekèt sou aplikasyon lalwa a pandan odyans sou aplikasyon lalwa a, amwens ke lòt pati a ta dakò.

### **Tan delè pou mande yon odyans**

Swa w oubyen distri eskolè fèt pou mande yon odyans sou tretman ekitab nan dezan apati de dat w oswa distri eskolè a te okouran oswa te dwe okouran sijè ki soulve nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a.

### **Eksepsyon pou peryòd de tan**

Peryòd de tan ki make anlè a pa aplike si w pat kab prezante rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa paske:

1. Distri eskolè a fè eksprè poul di ke pwoblèm la oubyen sijè w soulve nan rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a te rezoud alò ke se pa vre; **oubyen**
2. Distri eskolè a kache enfòmasyon ke li te oblije divilge dapre Pati B IDEA a.

## **DWA POU ODYANS YO**

### **34 CFR §300.512**

##### **Jeneral**

Nenpòt moun ki gen yon odyans sou aplikasyon lalwa (enkli odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè yo) gendwa pou:

1. Reprezante pa avoka oubyen yon reprezantan kalifye dapre Règ 28-106.106 ak 28-106.107 ki etabli kalifikasyon ak estanda pou Kòd Administratif la Florid (FAC), oswa pou yo akonpaye oubyen resevwa konsèy nan men endividi ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon konsènan pwoblèm ki afekte elèv andikape yo, oubyen ki posede nenpòt nan konbinezon ki parèt anlè a;
2. Prezante prèv epi konfwonte, kont entewoje ak egzije konparisyon temwen yo;

- Entèdi prezantasyon prèv nan odyans la ki pat divilge ba pati sa a omwen senk jou ouvran anvan dat odyans la;
- Jwenn swa a lekri, oubyen, selon chwa w, vèsyon elektwonik, motamo dosye rejis odyans la; **ak**
- Jwenn swa a lekri, oubyen, selon chwa w desizyon ak konstatayon sou done yo pa vwa elektwonik.

### **Divilge enfòmasyon adisyonèl**

Ou ak distri eskolè a fèt pou divilge ba youn lòt tout evalyasyon ansanm ak rekomandasyon ki te fèt dapre evalyasyon sa yo omwen senk jou anvan odyans sou aplikasyon lalwa a fèt ke swa w oubyen distri eskolè a gen lentansyon prezante nan odyans la. (Jij Administratif la/ALJ) a kab anpeche nenpòt nan pati yo ki pa ta konfòmèl a egzijans sa a prezante evalyasyon nesèsè a oswa rekomandasyon an nan odyans la san konsantman lòt pati a.

### **Dwa paran yo nan odyans yo**

Yo fèt pou pèmèt ou:

- Gen pitit ou prezan;
- Fè seyans piblik; **ak**
- Fè yo ba w tout sa yekri sou rejis ki fèt nan odyans la, konstatayon ak desizyon sou done yo gratis.

### **DESIZYON NAN ODYANS YO**

#### **34 CFR §300.513**

##### **Desizyon ALJ a**

Desizyon ALJ a sou si pitit ou fèt pou resevwa FAPE fèt pou baze sou rezon solid.

Nan koze kote yo prezime ke gen enfraksyon ki fèt nan pwosedi, ofisyèl responsab odyans la kab deside ke pitit ou pat resevwa FAPE sèl si ensifizans pwosedi yo:

- Te entèfere ak dwa pitit ou poul resevwa FAPE;
- Li te entèfere anpil ak opòtinite pou te patisipe nan pwosesis desizyon an konsènan dispozisyon FAPE vizavi pitit ou; **oubyen**
- te lakòz ou pèdi yon benefis edikasyonèl.

### **Klòz sou Entèpretasyon**

Yo pap kab entèprete okenn nan dispozisyon ki dekri anlè a kòm klòz ki ta ka anpeche ALJ a pase lòd ba distri eskolè a pou konfòmèl a tout egzijans nan seksyon pwosedi pwoteksyon yo nan règleman Federal ki tonbe anba Pati B IDEA a (34 CFR §§300.500 through 300.536).

### **Rekèt separe pou mande odyans sou aplikasyon lalwa**

Pa gen anyen nan seksyon pwosedi pou pwoteksyon nan règleman Federal Pati B IDEA a (34 CFR §§300.500 through 300.536) ki ta ka entèprete de fason a fè w kwè ke yo ta kab anpeche w prezante yon rekèt separe pou mande yon odyans sou aplikasyon lalwa konsènan yon sijè ki pa fèt pati de

rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa ki te deja prezante a.

### **Konstatayon ak desizyon ki prezante ba komite rekomandasyon ak piblik la an jeneral**

Swa SEA a oubyen distri eskolè a (kelkeswa antite ki te responsab odyans ou an) apre li finn bife tout enfòmasyon pèsonèl idantifyab yo, fèt pou:

- Founi tout konstatayon ak desizyon ki te fèt nan odyans aplikasyon lalwa oswa apelyasyon ki te prezante ba komite rekomandasyon Leta a; **ak**
- Founi tout konstatayon sa yo ansanm ak desizyon sa yo ba piblik la.

### **APELASYON YO**

#### **DESIZYON FINAL; APELASYON; REVIZYON TRETMAN EKITAB**

#### **34 CFR §300.514**

##### **Desizyon Final odyans la**

Desizyon ki fèt nan yon odyans sou aplikasyon lalwa (enklè odyans konsènan pwosedi disiplinè yo) definitiv, eksepte ke nenpòt ki pati ki te enplike nan odyans la (ke se w ke se distri eskolè a) gen rekou dapèl a desizyon ki te fèt la, e w ka fèl atravè yon plent sivil jan li dekri anba la a.

#### **PERYÒD DE TAN AK KONVOKASYON POU ODYANS AK REVIZYON YO**

#### **34 CFR §300.515**

SEA fèt pou asire ke pa pi ta ke 45 jou aprè dat ekspirasyon peryòd 30 jou yo pou fè reyinyon pou rezolisyon **oubyen**, jan yo dekril anba sou-tit ki make *Ajisteman peryòd 30 jou pou rezolisyon an*, e pa pita ke 45 jou aprè dat ekspirasyon peryòd de tan ajiste a:

- Ke yo rive a yon desizyon final nan odyans la **epi**
- Ke yo voye pa lapòs kopi desizyon an ba chak pati.

ALJ a kab akòde ekstansyon tan espesifik ki depase peryòd 45 jou ke yo dekri anlè a si youn nan pati yo mandel. Chak odyans ap fèt a lè e nan lye ki konvni ni w ni ni pitit ou.

#### **AKSYON SIVIL YO, AK PERYÒD DE TAN OU GENYEN POU PREZANTE AKSYON SA YO**

#### **34 CFR §300.516**

##### **Jeneral**

Nenpòt ki pati (ke se w oswa distri eskolè a) ki pa ta dakò ak konklizyon epi desizyon ki fèt nan odyans sou aplikasyon lalwa a (enklè odyans sou pwosedi disiplinè yo) gendwa prezante yon aksyon sivil konsènan sijè odyans sou aplikasyon lalwa a. Aksyon sa a kab prezante nan tribinal Leta ki gen juridiksyon konpetan (ki vle di tribinal Leta ki gen otorite pou li tande tip ka sa yo) oswa nan tribinal Federal Lèzetazini endepandaman de montan konfli a.

## Delè Tan

Pati a (swa w oswa distri eskolè a) gen 90 jou apati de dat ALJ te emèt desizyon an pou prezante aksyon sivil la.

## Pwosedi Adisyonèl yo

Nan nenpòt ki aksyon sivil tribinal fèt pou:

1. Resevwa tout rapò pwosedi administratif yo;
2. Koute prèv adisyonèl ou ta renmen prezante oswa distri eskolè a ta renmen prezante; **ak**
3. Baze desizyon li sou pwa prèv la epi akòde soulajman ke tribinal detèmine adekwa.

## Jurikdisyon tribinal distri yo

Tribinal distri Lèzetazini yo gen otorite pou pran desizyon sou tout aksyon Pati B IDEA a ki prezante endepandaman de montan konfli a.

## Règ konsènan entèpretasyon

Pa gen anyen nan Pati B IDEA a kap mete restriksyon oswa limite dwa yo, pwosedi yo, ak rekou ki disponib dapre Konstitisyon U.S., Lwa 1990, Tit V de Lwa Reyabilitasyon 1973 (Seksyon 504) pou Ameriken Andikape yo, oswa lòt lwa Federal yo ki pwoteje dwa timoun andikape yo, eksepte ke anvan ou prezante yon aksyon sivil ki tonbe anba lwa sa yo ki chache jwenn soulajman disponib dapre Pati B IDEA a, se pou yepwize tout pwosesis konsènan aplikasyon lalwa ki dekri anlè yo menm jan yo ta fèl si pati a te prezante aksyon an selon Pati B IDEA a. Sa vle di ke byen ke w kab gen rekou a lòt lwa ki anpyete sa ki disponib nan IDEA a, men, jeneralman, pou ka jwenn soulajman nan men lòt lwa sa yo, fòk ou itilize rekou adkiministratif ki disponib yo dabò dapre IDEA a (egzanp, rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa, reyinyon rezolisyon, ak odyans ekitaab sou aplikasyon lalwa) anvan w prezante dirèk nan tribinal.

## FRÈ AVOKA YO

### 34 CFR §300.517

#### Jeneral

Nan kelkeswa aksyon oswa pwosedi ki prezante dapre Pati B IDEA a, si se w yo bay rezon, tribinal la gen diskresyon pou li akòde frè avoka rezonab ka va fè pati depans w yo.

Nan keklkeswa aksyon oswa pwosedi ki prezante dapre Pati B IDEA a, tribinal la gen diskresyon pou li akòde frè avoka rezonab ki kouvri depans SEA si yo bal rezon oubyen distri eskolè a, ke avoka w an fèt pou peye, si avoka a te: (a) prezante yon plent oswa yon ka nan tribinal ke tribinal detèmine te san merit, pat rezonab oubyen san fondman; **oubyen** (b) kontinye ak litij la menm apre li klè ke li pat gen merit, li pat rezonab oubyen li san fondman; **oswa** Nan yon aksyon oswa pwosedi ki prezante dapre Pati B IDEA a, tribinal la aplike diskresyon li pou li akòde frè avoka rezonab pou kouvri depans pati ki pote viktwa a, swa SEA oubyen distri eskolè a, ke

swa w oubyen avoka w ap bije peye, si rekèt ou prezante pou odyans aplikasyon lalwa fèt pou move rezon, kankou pou arase, pou koze reta initil oubyen pou ogmante, san rezon, frè pwosedi a oubyen aksyon an.

## Akòde frè

Tribinal akòde frè rezonab pou avoka jan li parèt la a:

1. Frè yo fèt pou baze dapre tarif nòmal nan kominòte kote swa aksyon oubyen odyans la prezante e pou tip ak kalite sèvis ki te founi a. Yo pa pèmet ni bonis ni efè militiplikasyon lè yap kalkile frè ke yakòde yo.
2. Yo pap akòde Frè ni yo pap ranbouse depans ki gen rapò ak depans yo nan kelkeswa aksyon oswa pwosedi ki tonbe anba Pati B IDEA a pou sèvis founi apre yon òf antant a lekri si:
  - a. Apèl dòf la fèt dapre peryòd tan Règ 68 Pwosedi Federal la mande oubyen, nan ka odyans sou aplikasyon lalwa nenpòt ki lè ki ta depase 10 jou anvan pwosedi a ta komanse;
  - b. Si apèl dòf la pa aksepte nan 10 jou yo; **epi**
  - c. Swa tribinal la oswa ALJ a detèmine ke soulajman ou resi jwenn la pa pi favorab ke òf yo te fe w an. Malgre tout restriksyon sa yo, yo kab akòde w frè avoka yo ansanm ak tout lòt depans ki fèt yo si yo ta ba w rezon e w te gen bon jan jistifikasyon pou pat aksepte aranjman yo te ofri w an.
3. Yo pap akòde Frè ki gen rapò ak reyinyon Gwoup plan edikasyonèl endividyèl la (IEP) amwnes ke reyinyon an te fèt akòz yon pwosedi administratif oubyen yon aksyon ki te prezante nan tribinal.

## NÒT: "Yo kab refize akòde Frè yo pou abitaaj jan li dekri anba tit Abitaaj la."

Yon reyinyon pou chache rezolisyon jan li dekri anba tit *Reyinyon pou chache Rezolisyon*, pa konsidere yon reyinyon ke yo konvoke swit a yon odyans administratif oswa desizyon tribinal, ni yo pa konsiderel odyans administratif oswa desizyon tribinal pou klòz konsènan frè avoka sa yo.

Tribinal la gendwa redwi sou, si li detèminel apwopriye, montan frè avoka yo te akòde dapre Pati B IDEA a, si tribinal la deside ke:

1. Swa w oubyen avoka w pandan pwosedi a tap dewoule te koze delè initil nan rezolisyon konfli a;
2. montan frè avoka ke yotorize akòde a depase tarif pa è aktyèl lòt avoka ak kalifikasyon sa yo, repitasyon ak eksperyans mande nan kominote a pou founi sèvis sa yo;
3. Vi tip aksyon oswa pwosedi a tan yo dedye a ka a ansanm ak sèvis yo founi a depase sa yo konn mande; **oubyen**
4. Avoka ki tap reprezante ou an pat founi ba distri eskolè a enfòmasyon apwopriye pou te founi

nan avi rekèt pou aplikasyon lalwa a jan li dekri anba tit ki make *Odyans sou Aplikasyon Lalwa*.

Mèzalò, tribinal la pa gendwa redwi frè yo si tribinal la deside ke swa Leta oubyen swa distri eskolè a te koze delè inital nan rezolisyon final aksyon an oswa pwosedi a oubyen li ta jwenn ke gen enfraksyon ki komèt dapre dispozisyon pwosedi pou pwoteksyon Pati B IDEA a.

## **PWOSEDI POU SWIV LÈ YAP DISIPLINE ELÈV ANDIKAPE YO**

### **OTORITE PÈSONÈL LEKÒL LA**

#### **34 CFR §300.530**

#### **Desizyon Ka pa Ka**

Pèsonèl Lekòl la kab konsidere nenpòt ki sikonstans eksepsyonèl grenn pa grenn, lè yap detèmine si chanjman plasman ki fèt konfòm ak egzijans ki swiv yo konsènan disiplin, apwopriye pou yon timoun andikape ki komèt enfraksyon kont kòd konpòtman pou elèv nan lekòl.

#### **Jeneral**

An konsiderasyon ke yo aplike menm sanksyon sa yo sou timoun ki pa andikape, pèsonèl lekòl la gendwa, depi li pa depase **10 jou eskolè** swivi, voye yon elèv andikape ki ta komèt yon enfraksyon kont kòd kondwit pou elèv de plasman aktyèl liya a yon lòt kad altènatif enterimè apwopriye (ki fèt pou detèmine pa Gwoup plan edikasyon endividyèl la a (IEP) ki lòt kad ou sispansyon. Pèsonèl Lekòl la kab enpoze ranvwa adisyonèl ki pa fèt pou depase **10 jou eskolè** swivi nan menm ane eskolè sa a pou ensidan separe de movèz kondwit; pouvi ekspilasyon sa yo pa vinn etabli yon chanjman nan plasman (al nan *Chanjman Plasman Pou Kòz Ranvwa Disiplinè* pou definisyon ki parèt anba a).

#### **Otorite Adisyonèl**

Si konpòtman ki an kontravansyon ak kòd kondwit pou elèv la pa fè pati siy andikap elèv la (al nan *detèminasyon Siy*, below) e chanjman plasman disiplinè ta depase **10 jou eskolè yo** swivi, pèsonèl lekòl la gendwa aplike pwosedi disiplinè yo sou elèv andikape yo menm jan ak pou menm bout tan li ta fèl pou elèv ki pa andikape yo, eksepte ke lekòl la fèt pou founi sèvis ba elèv sa a jan li dekri anba *Sèvis yo*. Gwoup IEP elèv la a deside kad edikasyonèl altènatif pou entèrimè pou sèvis sa yo.

#### **Sèvis yo**

Yo kab bay tout sèvis yo te fèt pou founi elèv andikape ke yo retire de plasman aktyèl liya nan yon kad edikasyonèl altènatif entèrimè.

Distri eskolè a oblije founi sèvis ba yon elèv andikape ke yo ranvwaye de plasman aktyèl liya pandan **10 jou eskolè ou mwens** nan ane eskolè a, si li founi sèvis ba elèv ki pa andikape e ki sibi menm ranvwa a.

Elèv andikape ke yo ranvwaye de plasman aktyèl yo pou **plis ke 10 jou eskolè** fèt:

1. Pou kontinye resevwa sèvis edikasyonèl pou pèmèt elèv la kontinye ak patisipasyon li nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byen ke lap nan yon lòt kad, e poul kontinye vè bi ki etabli nan IEP pou elèv yo; **ak**
2. Resevwa yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, apwopriye, ansanm ak sèvis entèvansyon pou konpòtman epi sèvis modifikasyon ki fèt pou adrese enfraksyon ki te komèt la pou li pa repete ankò.

Après yo ranvwaye yon elèv andikape de plasman aktyèl liya pou **10 jou eskolè** nan menm ane eskolè a, e **si** ranvwa aktyèl la se pou **10 jou eskolè** swivi ou mwens **e si** ekspilasyon a pa gen chanjman plasman (al nan definisyon anba a), **alòkile** pèsonèl lekòl la an konsiltasyon ak pwofesè edikasyon espesyal elèv la va detèmine a ki pwen sèvis yo nesèsè pou pèmèt elèv la patisipe nan yon kourikoulòm edikasyon jeneral byen ke nan yon lòt kad e poul kontinye pwogrese vè bi etabli nan IEP pou elèv la.

Si ranvwa a mande chanjman plasman (al nan definisyon anba a), Gwoup IEP elèv la va deside sèvis adekwa ka pèmèt elèv la patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral, byen ke nan yon lòt kad e pou li kontinye fè pwogrè vè bi etabli nan IEP pou elèv la.

#### **Rekonèt Siy yo**

Nan **10 jou eskolè** konsènan kelkeswa desizyon pou chanje plasman elèv andikape a poutèt enfraksyon li komèt kont kòd kondwit elèv la (eksepte si ranvwa a se pou **10 jou eskolè** swivi ou mwens men pa yon chanjman nan plasman), distri eskolè a, paran an, ak tout manm nesèsè Gwoup IEP a (dapre jan paran ak distri eskolè a detèmine) fèt pou revize tout enfòmasyon enpòtan nan dosye elèv la, enkli IEP elèv la, nenpòt sa pwofesè te remake ak kelkeswa enfòmasyon enpòtan yo te founi ba paran yo pou detèmine si:

1. Kondwit la koze pa, oubyen te gen relasyon dirèk ak andikap elèv la; **oubyen**
2. Si kondwit la se rezilta dirèk ke distri eskolè a pat aplike IEP elèv la.

Si distri eskolè a, paran an, ak manm nesèsè IEP elèv la detèmine ke nenpòt nan kondisyon sa yo satisfè, yo fèt pou detèmine ke kondwit la se yon manifestasyon siy andikap elèv la.

Si distri eskolè a, paran a, ak tout manm nesèsè nan Gwoup IEP elèv la detèmine ke kondwit an kesyon an se rezilta dirèk ke distri lekòl la pat aplike IEP a, distri eskolè a fèt pou li pran aksyon imedya pou eseye remède defisyans sa yo.

## **Rekonnèt ke kondwit la se manifestasyon andikap elèv la**

Si distri eskolè a, paran a, ansanm ak tout manm nesèsè Gwoup IEP a detèmine ke kondwit la se siy manifestasyon andikap elèv la, Gwoup IEP fèt pou swa:

1. Fè yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman amwens ke distri eskolè te deja fè yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman anvan chanjman plasman te fèt, e li te enplimante yon plan entèvansyon pou konpòtman pou elèv la **oswa**
2. Si yo deja devlope yon plan entèvansyon pou konpòtman, fè revizyon plan entèvansyon konpòtman an, modifeye si li ta nesèsè pou adrese konpòtman an.

Eksepte jan li dekri anba la sou sou-tit **Sikonstans Espesyal yo**, distri eskolè a fèt pou li remete elèv la nan plasman de kote yo te ranvwaye la amwens ke paran a ak distri a ta mete yo dakò pou yon chanjman plasman ki ta fè pati modifikasyon plan entèvansyon pou konpòtman an.

### **Sikonstans Espesyal yo**

Ke konpòtman se siy andikap elèv la ou pa, pèsònèl lekòl la gendwa ranvwaye elèv la ba yon kad edikasyonèl altènatif entèrime (ke GwoupIEP va detèmine) pou jiska 45 jou eskolè, si elèv la:

1. Pote zam (al nan definisyon anba a) nan lekòl la oubyen gen zam nan lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oswa nan fonksyon lekòl la ki tonbe sou jirikdisyon Depatman Edikasyon oubyen distri eskolè a.;
2. Konsyansye deske li abitye konsòm dwòg ilegal yo (al nan definisyon anba a), oswa vann oubyen ap chache vann sistans kontwole yo, (al nan definisyon anba a), pandan li lekòl, sou pwopriyete lekòl la, oswa nan yon nan fonksyon lekòl la ki tonbe sou jirikdisyon Depatman Edikasyon oswa distri eskolè a; **oubyen**
3. Koze kokenn chenn domaj kòporèl (al nan definisyon anba a) sou yon lòt moun pandan li lekòl, sou pwopriyete lekòl, oswa nan yon nan fonksyon lekòl la ki tonbe sou jirikdisyon Depatman Edikasyon oswa distri eskolè a.

### **Definisyon yo**

**Sistans Kontwole** vle di yon dwòg oswa lòt sistans ki idantifye dapre chema I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202(c) Lwa Sistans Kontwole yo, 21 U.S.C. 812(c) ak Seksyon 893.02(4), Lwa Florid yo.

**Dwòg Ilegal** vle di yon sistans kontwole; men li pa enkli yon sistans ki legal pou genyen oswa itilize sou sipèvizyon yon pwofesyonèl sètifye swen sante oubyen ke w gendwa genyen oswa itilize dapre nenpòt ki otorite ki tonbe anba Lwa Sistans Kontwole, 21 U.S.C. 812(c) oswa nenpòt ki lòt dispozisyon lwa federal.

**Kad altènatif edikasyonèl entèrime (IAES)** vle di yon lòt lokal kote yo founi sèvis edikasyonèl pou yon peryòd de tan espesifik pou rezon disiplinè e ki satisfè tout egzijans Règ Asanble Edikasyon Leta a Règ 6A-6.03312.

**Kokenn chenn domaj kòporèl** vle di kokenn chenn domaj kòporèl ki enplike gwo ris lanmò; kokenn chen doulè fizik; defigirasyon pwolonje; oswa pèt oubyen domaje fonksyon yon nan manm kò a, ògàn oswa fakilte mantal pou yon bon bout tan

**Zam** vle di, dispozitif, objè, materyo oswa sistans ak ou san vi, ki sèvi pou oswa ki pare pou koze lanmò oswa kokenn chenn domaj kòporèl, eksepte ke tèm sa a pa enkli kanif ak lam ki mwens de de pous edmi (2½) nan longè.

### **Avi**

Jou dat li pran desizyon pou li ranvwaye yon elèv ki mande chanjman plasman li poutèt li komèt yon enfraksyon kont kòd kondwit elèv la, distri eskolè a fèt pou avize paran yo de desizyon ki fèt la, ak founi paran yo ak avi sou pwosedi pwoteksyon disponib yo.

### **CHANJMAN PLASMAN YO POU RANVWA DISIPLINÈ**

#### **34 CFR §300.536**

Ranvwa yon elèv andikape de plasman eskolè aktyèl reprezante **chanjman plasman** si:

1. Ranvwa a fèt pou plis de 10 jou eskolè swivi; **oswa**
2. Elèv la te sibi yon seri ranvwa ki vinn reprezante yon patwon paske:
  - a. Seri ranvwa yo fè yon total de plis de 10 jou eskolè nan ane eskolè a;
  - b. Konpòtman elèv la pifò raple konpòtman elèv la nan ensidan ki fini pa yon seri de ranvwa;
  - c. Faktè kankou dire chak ranvwa, ak konbyen fwa elèv la ranvwaye, ak jan ranvwa yo pwòch youn de lòt; **epi**

Distri eskolè a ap detèmine ka pa ka si seri de ranvwa yo merite chanjman plasman e si yo ta kontestel, la va pase revizyon atravè pwosedi jidisyè ak tretman ekkitab.

### **DETÈMINASYON KAD LA**

#### **34 CFR § 300.531**

Gwoup responsab plan edikasyonèl la (IEP) fèt pou detèmine kad altènatif edikasyonèl pou ranvwa ki reprezante **chanjman plasman**, ansanm ak ranvwa ki anba tit **Otorite Adisyonèl** ak **Sikontans Espesyal yo** ki anlè a.

## **REKOU DAPÈL**

### **34 CFR § 300.532**

#### **Jeneral**

Paran yon elèv andikape kap prezante yon rekèt pou odayns sou aplikasyon lalwa si li pa dakò ak:

1. Kelkeswa desizyon ki gen rapò ak plasman ki tonbe anba dispozisyon disiplinè; **oswa**
2. Manifestasyon siy ki dekri anlè a.

Distri eskolè a gendwa prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa si li konvenki ke kenbe elèv la nan plasman aktyèl ta konsiderableman fini pa domaje elèv la oubyen zòt.

#### **Otorite ALJ a**

ALJ a koute ak pran desizyon sou rekou dapèl ak rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa konsènan disiplin san delè. Lè li deside:

1. ALJ a kab fè elèv andikape tounnen nan plasman kote li te ye anvan yo te ranvwayel si ALJ a detèmine ke ranvwa a te an kontravansyon ak egzians ki dekri anba tit **Aotorite Pèsonèl Lekòl la**, oubyen ke konpòtman elèv la se siy andikap elèv la; **oswa**
2. Pase lòd pou yo chanje plasman elèv andikape a a yon kad adekwa altènatif edikasyonèl entèrime (IAES) ki pa fèt pou depase karantsenk (45) jou eskolè si ALJ detèmine ke kenben elèv la nan plasman aktyèl la ta ka konsiderableman fini pa domaje elèv la oubyen zòt.

Yo kab repete odyans pwosedi sa yo, si distri eskolè a konvenki ke retounnen elèv la nan plasman orijinal liya ta ka konsiderableman fini pa domaje elèv la oubyen zòt.

Nenpòt kilè yon distri eskolè prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa, fèt pou gen yon odyans ki satisfè tout egzijans ki dekri anba tit **Rekèt pou odyans sou Aplikasyon Lalwa, Odyans sou Tretman Ekitab yo**, eksepte nan ka sa yo ki swiv:

1. Depatman Edikasyon oswa distri eskolè a fèt pou fè aranjman pou yon odyans sou aplikasyon lalwa san delè, ki fèt pou fèt nan **20** jou eskolè apati de dat yon mande odyans la desizyon an fèt pou emèt nan **10** jou eskolè aprè odyans la.
2. Amwens ke paran yo ak distri eskolè a ta mete yo dakò pou pase sou reyinyon an a lekri, oubyen yo ta mete yo dakò pou itilize abitaj, reyinyon pou chache jwenn rezolisyon fèt pou fèt nan **set** jou ouvrab apati de dat yo resevwa avi rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a. Odyans la kab kontinye amwens ke koze a rezoud a satisfaksyon tou lè de pati nan **15** jou ouvrab apati de dat yo resevwa rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa a.
3. Yon Eta gendwa etabli divè règlemantasyon konsènan machaswiv yo pou odyans sou pwosesis san delè yo apà de sa li te etabli pou lòt odyans sou aplikasyon lalwa yo, eksepte pou peryòd de tan yo, règleman sa yo fèt pou

koressonn ak règleman konsènan odyans sou aplikasyon lalwa ki nan dokiman sa a.

Yon pati gendwa fè apèl a desizyon ki te fèt nan yon odyans sou aplikasyon lalwa menm jan li ta fè pou desizyon ki emèt nan lòt odyans sou aplikasyon lalwa yo. (al nan **Rekou Dapèl** anlè a).

### **PLASMAN PANDAN APELASYON YO**

#### **34 CFR §300.533**

Lè, jan yo dekril anlè a, swa paran oswa distri eskolè a prezante yon rekèt pou odyans sou aplikasyon lalwa ki gen rapò ak koze disiplinè, elèv la fèt pou (amwens ke paran an ak Depatman Edikasyon oswa distri eskolè ta gen yon lòt antant) rete nan kad altènatif edikasyonèl entèrime a annatandan desizyon nan men ALJ a, oswa jiskaske dat peryòd ekspirasyon ranvwa a ekspire jan li rekomande a e jan yo dekril sou tit **Otorite Pèsonèl Lekòl la**, nenpòt sak vinn anvan.

### **PWOTEKSYON POU ELÈV KI PAKO KALIFYE POU EDIKASYON ESPEYAL AK TOUT SÈVIS LIYO**

#### **34 CFR §300.534**

##### **Jeneral**

Si yo pako kalifye yon elèv pou edikasyon espesyal ak tout sèvis liyo e li komèt yon enfraksyon kont kòd kondwit pou elèv la, men distri eskolè a te okouran (jan yo ta detèminel anba a) anvan menm kondwit ki te koze aksyon disiplinè a fèt, elèv sa a se yon elèv andikpe e li kab egzije yo respekte tout pwoteksyon ki dekri nan avi sa a

##### **Baz pou okouran de koze disiplinè yo**

Distri eskolè fèt poul konnen ke yon elèv se elèv andikape si, anvan konpòtman ki te koze aksyon disiplinè a te fèt:

1. Paran elèv la te esprime enkyètèd a lekri ke elèv la bezwen edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo ba yon sipèvizè oswa pèsonèl administratif ki koressonn a pèsonèl apwopriye ajans edikasyonèl la oswa pwofesè elèv la;
2. Paran te mande fè yon evalyasyon konsènan kalifikasyon pou edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye liyo dapre Pati B IDEA a; **oubyen**
3. Pwofesè elèv la oswa pèsonèl distri eskolè a te fè konnen enkyètèd byen espesifik osijè yon seri konpòtman pa elèv la direktman ba direktè edikasyon espesyal distri eskolè a oswa ba lòt sipèvizè pèsonèl distri eskolè.

##### **Eksepsyon**

Yo pakab rann distri eskolè responsab poul okouran sa, si:

1. Paran elèv la pat pèmèt yo fè evalyasyon elèv la oubyen si yo te refize sèvis edikasyon espesyal; **oswa**

2. Yo te evalye elèv la e yo detèmine ke elèv la pa yon elèv andikape dapre Pati B IDEA a.

### **Kondisyon ki aplike yo si pa gen baz pou okouran**

Si anvan yo pran mezi disiplinè kont elèv la, distri eskolè a pat okouran ke elèv la se yon elèv andikape li ye, jan yo dekril anba sou-tit *Bpwen de Baz pou konesans sou koze disiplinè yo* ak *Eksepsyon*, elèv la kab sibi menm mezi disiplinè ke yaplike sou elèv ki pa andikape e ki angajel nan konpòtman konparab yo.

Mèzalò, si yo fè demann evalyasyon pou elèv la pandan peryòd tan lap fè fas a mezi disiplinè yo, evalyasyon an fèt pou fèt san delè.

Toutotan evalyasyon an pa finn konplete, elèv la ap rete nan plasman eskolè detèmine pa otorite eskolè yo, e li kab gen ladann sispansyon oswa ekspilsyon san sèvis edikasyonèl yo.

Si yo detèmine ke elèv la se yon elèv andikape, apre distri eskolè a finn pran an konsiderasyon enfòmasyon evalyasyon distri a te fè ak enfòmasyon paran yo te founi. Distri eskolè a fèt pou founi edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye li yo dapre Pati B IDEA a, enkli egzijans disiplinè ki dekri anlè a.

### **ORYANTE BAY AK AKSYON FÒSDELÒD AK OTORITE JIDISYÈ YO**

#### **34 CFR §300.535**

PatI B IDEA a pa:

1. Entèdi yon ajans rapòte yon zak elèv andikape ta komèt ba otorite responsab yo; **oubyen**
2. Anpeche ajan fòsdelòd ansanm ak otorite jidisyè yo egzèse responsabilite yo konsènan aplikasyon Lwa Federal ak Lwa Leta lè yon elèv andikape komèt zak.

### **Transmèt dosye yo**

Si distri eskolè a rapòte yon zak elèv andikape a komèt, distri eskolè a fèt pou:

1. asire ke tout kopi dosye edikasyon espesyal ak disiplinè transmèt pou ba otorite ajans kote lap rapòte zak la pou konsiderasyon ; **epi tou**
2. Li kab transmèt tout kopi dosye edikasyon espesyal ak disiplinè elèv rive jis kote Lwa Entimite ak Dwa Edikasyonèl Lafanmi pèmèt li (FERPA).

### **EGZIJANS INILATERAL POU PARAN KAP PLASE ELÈV NAN LEKÒL PRIVE PEYE PA LETA**

#### **JENERAL**

#### **34 CFR §300.148**

Pati B IDEA a pa egzije yon distri eskolè peye frè edikasyon, enkli edikasyon espesyal ak tout sèvis ki akonpaye li yo, pou pitit andikape w an nan lekòl prive oswa yon etablisman si distri eskolè a te mete yon edikasyon piblik (FAPE) a disponibilite pitit ou e w chwazi pou plase elèv la nan yon lekòl prive oswa

etablisman. Mèzalò, distri eskolè kote lekòl prive a sitiye fèt pou konte pitit ou pami popilasyon kote yadrese bezwen yo nan Pati B dispozisyon yo konsènan timoun ki plase pa paran yo nan lekòl prive dapre 34 CFR §§300.131 jiska 300.144.

### **Ranbousman pou plasman nan lekòl prive**

Si pitit ou te konn resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye yo sou otorite distri eskolè a, e w chwazi enskri pitit ou nan jaden danfan prive, lekòl elemantè, oswa lekòl segondè san konsantman oubyen san oryantasyon nan men distri eskolè a. Yon tribinal oswa ALJ a kab mande ajans la ranbouse w pou frè anrejistreman sa a ALJ a jwenn ke ajans la pat mete a disponibilite pitit ou edikasyon piblik gratis adekwa (FAPE) a tan, anvan ou te enskri. Plasman prive sa a ap konsidere apwopriye. Yon ALJ oswa tribinal kab detèmine ke plasman ou an apwopriye, menm si plasman an pa satisfè règleman Leta ki aplike a edikasyon Depatman Edikasyon ak distri eskolè yo ofri.

### **Limitasyon nan ranbousman**

Yo kab redwi oswa refize frè ranbousman ki dekri nan paragraf anlè a si:

1. (a) Nan dènye reyinyon sou plan edikasyonèl endividyèl (IEP) ou te prezante a anvan ou retire pitit ou de lekòl piblik la, ou pat enfòm Gwoup IEP a ke w pat aksepte plasman distri eskolè a te sijere pou founi FAPE ba pitit ou, enkli le fèt ke w te etale tout enkyetid ou yo ak lentansyon ou pou enskri pitit ou nan yon lekòl prive tou frè peye pa leta; oubyen (b) Omwen 10 jou ouvrab (enkli kelkeswa jou ferye ki tonbe nan jou travay) anvan w te retire pitit ou de lekòl piblik la, ou pat bay distri eskolè avi a lekri enfòmasyon sa a;
2. Si, anvan ou te retire pitit la nan lekòl piblik la, distri eskolè te voye ba w preyavi a lekri, kote li di ke li te gen lentansyon evalye pitit ou an (enkli yon deklarasyon ki di ke bi evalyasyon an te apwopriye ak rezonab), men ou pat mete timoun la ala disponibilite pou evalyasyon an; **oswa** Yon Tribinal deside aksyon w yo pat rezonab.

Mèzalò, frè ranbousman:

1. Pa fèt pou redwi oubyen refize poutèt yo pat bay avi si: (a) Lekòl la anpeche w bay avi a; (b) Ou pat resevwa avi ki te di ke w responsab pou voye avi yo dekri anlè a; oubyen (c) Si w te swiv egzijans ki make alè a li ta pi fò koze domaj fizik sou pitit ou; **epi tou**
2. Kab, a diskresyon tribinal la oswa ALJ a, byen pa redwi oubyen refize poutèt paran pat bay avi li te oblije bay la si: (a) Paran a analfabè e li pakab ekri anglè; oubyen (b) Si w te swiv egzijans ki make anlè a le pli pwobab li ta kab koze kokenn chenn domaj emosyonèl sou timoun la.

## EGZIJANS POU ELÈV ANDIKAPE KE PARAN ENSKRI NAN LEKÒL PRIVE YO

### ENFÒMASYON JENERAL

#### 34 CFR §§300.129 – 300.144

Elèv andikape ki enskri nan lekòl prive yo pa paran endividiyèl yo pa gendwa resevwa edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye li yo pandan yo enskri nan lekòl prive a. Mèzalò, yo bay dwa ki swiv yo ba paran elèv ki enskri nan lekòl prive byenfezans yo:

### PLASMAN TIMOUN

#### 34 CFR §300.131

Ou gendwa fè yo evalye pitit ou nan distri kote lekòl prive a sitiye pou detèmine si pitit ou se yon elèv andikape. Responsabilite distri a pou plase ak fè oryantasyon pou elèv ki plase nan lekòl prive pa paran yo menm ak sa pou elèv ki enskri nan lekòl piblik la.

### FRÈ YO

#### 34 CFR §300.133

Se devwa distri kote lekòl prive byenfezans la sitiye poul ogmante kantite elèv andikape ki plase nan lekòl prive pa paran yo a menm kantite ki reprezante menm pòsyon lajan distri federal pou edikasyon espesyal ak kantite elèv sa yo ki egal a total elèv andikape yo nan jirikdisyon distri a.

### KONSILTASYON

#### 34 CFR §300.134

Lè yap devlope ak enplemante sèvis edikasyon espesyal pou elèv ki plase nan lekòl prive pa paran yo, se devwa distri a poul konsilte a tan ak bon jan serye ansanm ak reprezantan elèv sa yo ak lekòl prive yo konsènan sijè sa yo:

1. Pwosesis plasman timoun la menm, epi si elèv ki plase nan lekòl prive pa paran yo kab patisipe yon fason ekitab, ak kijan yo notifiye paran elèv sa yo ak reprezantan lekòl prive sa yo de pwosesis la;
2. Kijan distri eskolè a detèmine pataje dolè federal yo pral depanse a;
3. Pwosesis konsiltasyon an menm, enkli kijan pwosesis sa a pral fonksyone pandan ane eskolè a pou asire patisipasyon serye nan sèvis yo;
4. Kijan, kote, ak kilès ka pral founi edikasyon espesyal ak tout sèvis ki akonpaye li yo, enkli tip sèvis yo, ak kijan ya peye pou sèvis sa yo si fon yo pa sifizan pou sèvi tout elèv yo, ak kijan e kilè ya va pran desizyon sa yo; **epi tou**
5. Si distri a pa ta dakò ak opinyon sou dispozisyon yo ak tip sèvis yo pa ofisyèl lekòl prive a If the district, kijan inite lokal la va founi eksplikasyon de tout rezon pouki distri te pran desizyon li te pran an a lekri.

## DESIZYON SOU SÈVIS EKITAB YO

### 34 CFR §300.137

Se distri zòn kote lekòl prive byenfezans la sitiye ka va pran desizyon final la (yo) konsènan sèvis ki fèt pou founi ba elèv andikape ki plase nan lekòl prive pap paran yo, aprè konsiltasyon serye e a lè.

### FOUNI SÈVIS EKITAB YO

#### 34 CFR §300.138

Pou kelkeswa elèv andikape ki plase nan lekòl prive pa paran liyo kote distri a decide li pral founi sèvis yo, distri a fèt poul inisyè ak konvoke yon reyinyon ak reprezantan lekòl prive a pou devlope, revize ak repase plan sèvis la (SP) ki detaye edikasyon espesyal ansanm ak tout sèvis ki akonpaye li yo ke ya pral founi a. Opwen adekwa, gwoup plan sèvis la fèt poul devlope plan sèvis la yon fason ki an dyapazon ak devlopman plan edikasyonèl endividiyèl la (IEP).

## ODYANS SOU APLIKASYON LALWA YO

### 34 CFR §300.140

Egzijans pou odyans sou aplikasyon lalwa gen pou wè ak lè yo prezime ke distri a pat fè devwal pou plase timoun la, lokalize, idantifye ak evalye elèv andikape lekòl prive yo. Al nan paj 12 pou enfòmasyon sou odyans pou aplikasyon lalwa yo.

## PLENT LETA YO

### 34 CFR §300.140

Egzijans pou plent leta yo gen pou wè ak zak prezime ki di ke distri a pat fè devwal pou : bay opòtinite pou jwenn patisipasyon ekitab etabli dapre IDEA ba elèv ki plase nan lekòl prive pa paran yo; frè yo; the pwosesis konsiltasyon, dispozisyon pou sèvis ekitab yo; men ofisyèl lekòl Prive yo kab prezante plent ba Depatman Edikasyon laFlorid, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv pou di ke distri a pat angajel nan konsiltasyon serye e a lè oubyen li pat bay opinyon ofisyèl lekòl prive a konsiderasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi sou pwoteksyon yo nan edikasyon eksepsyonèl elèv, tanpri kontakte:

- Administratè The exceptional student education nan distri ou an
- The Bureau of Exceptional Education and Student Services at the Florida Department of Education (850) 245-0476



Depatman Edikasyon La Florid

Dr. Eric J. Smith, Komisyone

312976

